

S. L. Hadisuljito

Daradasih



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

Daradasih

SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

DARADASIH

Ditertbitkan oleh
Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No. 8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website: <http://www.balaipustaka.co.id>

BP No. 3567

Cetakan I : 1988

Penulis: Sudibjo Z. Hadisujipto
116 hlm, A5 (14,8 x 21 cm)
ISBN: 979-407-164-1

Penata Letak: Gatot Santoso
Perancang Sampul: B.L. Bambang Prasodjo
Penyunting: Febi Dasa

Undang-Undang Republik Indonesia Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta
Lingkup Hak Cipta
Pasal 2

1. Hak cipta merupakan hak eksklusif bagi pencipta atau Pemegang Hak Cipta untuk menggunakan atau memperbanyak ciptaannya, yang timbul secara otomatis setelah suatu ciptaan dilahirkan tanpa mengurangi pembatasan menurut peraturan perundang-undangan yang berlaku.

Ketentuan Pidana

Pasal 72.

1. Barangsiapa dengan sengaja atau tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dengan Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp5.000.000,00 (satu juta rupiah) atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp5.000.000.000,00 (lima milyar rupiah).
2. Barangsiapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 tahun dan/atau denda paling banyak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).



Bebuka

Wis sawatara taun sasat ora ana wacan roman basa Jawa sing mentes. Wacan roman basa Jawa ketrajang jaman paceklik, kasarandu oncate para pengarang Jawa marang laladan basa Indonesia sing luwih mikolehi. Ambak-ambak mengkono meksa tuwuh pitakon, apa bebrayan Jawa ora kangen marang wacan roman basa Jawa? Nyatane kok ya isih akeh sing gupuh anggone mangsuli: Wah saupama Serat Riyanto lan Ngulandara kae dicithak maneh mesthi isih laris.

Bebasan kanggo tamba ngelak ketiga ngerak Balai Pustaka ngetokake wacan roman basa Jawa karyane Sdl. Sudibjo Z. Hadisutjipto mawa irah-irahan Daradasih. Bakuning rembug prekara katresnanlankasetyan antaraning priya lan wanita. Paragatama kasandhang dening Santo Nugroho lan Sumarti Suryarini, sing padha-padha ngayahi lelakon jantraning urip sarwa kadaradasih, lan ... nengsemake.

Kepriye babaring lelakon kang ginelar mawa basa kang runtut mengku wewarah sawatara, para maos katurun ngedhapi piyambak. Ing pangajap muga-muga wetuning buku Daradasih iki kenoa kagem tamba kangen sawatara tumraping para sutresna wacan roman basa Jawa, mudha dalasan para wredha, kakung atanapi para putri.

Nuwun.

Balai Pustaka



Daftar Isi

Bebuka	3
Oh Marti ... Marti	7
Mari Wuyung Malah Bingung.....	21
Calon Saka Ibu	38
Babaring Wewadi.....	55
Suryarini Surya Ndadari.....	68
Isih Kudu Gela.....	84
Panen Tanpa Ngunduh.....	98

Oh Marti ... Marti

Katresnan pancen rumit. Angel jajag-jajagane, Kangel empan papane. Buktiine Marti, Sumarti putra bupati bola-bali ganti pasangan sasat saben telung sasi pengawale ganti. Santo, salah sawijine kancane Marti niteni banget Saweruhe Santo sing sepisanan dadi kanca kenthele Marti jenenge Idris. Let telung sasi wis ganti renteng-renteng karo Kusnandar. Karo-karone sajak wis saeka kapti. Ngendi ana Marti mesthi ana Kusnandar. Santo ora ngerti sababe Marti pedhot karo Idris. Mangka Idris isih tresna setengah mati. Buktiine bareng dheweke pedhot sesambungane karo Marti banjur kerep dhelog-dhelog ijen lali mangan lali adus. Wekasane Idris dadi bocah ngenglung. Memelas banget Mangka Idris kuwi dinama-dama dening wong tuwane.

Kaya ngapa ta prejangane Marti sing dadi ojat kuwi? Yen weruh dedeg piadege, solah bawane, lambene, irunge, potonganing rambute nganti tekan lakune lan eseme, wah ... pancen ya ora maido yen jaka-jaka kemrubut kepengin cedhak karo dheweke. Santo dhewe sejatine uga naksir

Marti. Nanging bareng ngelingi Marti kuwi sasat piala bergilir Santo kepeksa mandheg-mangu. Nyatane suwe-suwe Santo wis ora kober niteni maneh sapa kanca kenthele Marti. Wewayange Marti wis remeng-remeng kepara ireng. Santo luwih mikirake pasinaone. Dheweke kepengin ndang lulus, ndang nyambut gawe, ndang bisa urun-urun kebutuhane wong tuwane. Santo blas babar pisan wis ora mikir Marti. Nanging ndilalah Gusti Allah ngasta lelakon liya sing marakake Santo kepeksa nyedhaki Marti.

"San. Yen aku njaluk tulung apa kowe gelem?" mengkonopitakone Hartadi sawijining dina nalika Santo lagi enak-enak ngripta geguritan sinambi rengeng-rengeng. Ambak-ambak saka Fakultas Hukum senenge nggurit

"Njaluk tulung apa, Har?" genti Santo takon rada gumun.

"Gelem apa ora?" Hartadi isih tetep takon.

"Ngendikane ibu, kowe kuwi isih keprenah kangmasku. Dadi mesthine yen kowe nyaluk tulung sabisa-bisa ya daktulungi. Nanging njaluk tulung apa? Kok bola-bali pijer nakokake kasaguhanku. Wista, anggere aku bisa nyembadani ya daktakoni."

"Trima kasih," Hartadi ngepuk-epuk pundhake Santo. "Apa kowe isih sok ketemu Marti?"

"Marti?" Santo takon semu gumun. "Iya, Marti."

"Kok aneh. Kowe rak kanca tunggal kelas, tur tunggal jurusan. Mesthine kowe luwih kerep ketemu dheweke ketimbang aku. Lan yen aku ketemu dheweke, kowe mesthine ya ngerti."

"Sapa ngerti yen kowe sok ketemu neng njaban kampus, apa neng warung pojok."

"Terus terang, aku kerep weruh, nanging wis suwe ora ketemu. Njur karepmu apa?" Santo rada sengol.

"Ko sik, ta. Aja nesu dhisik. Dakkandhani ya. Marti sajake pedhot maneh sesambungane karo Endra."

"Lha dene kowe luwih ngertiv" Santo wiwit anyel.

"Santo, Santo. Aja kesusu nesu ta. Kowe rak ngerti. Padha-padha bocah lanang aku iki wedi yen arep nyedhaki cah wadon."

"Ooo, saiki aku ngerti. Kowe arep nyedhaki Marti? Iya apa ora?"

"Iya, San," swarane Hartadi rada sempelah.

"Mbok saiki aja mikir Marti dhisik. Prayoga sinaumu wae dipengben enggal rampung. Yen wis rampung gampang. Karo maneh apa kowe ora kuwatir. Tiwas nyedhak-nyedhak yen kana wis bosen, kowe terus dikeplekake. Harak lara atimu. Salah-salah bisa kaya Idris, cilaka awakmu. Yen aku trima ora cedhak Marti. Ora patheken. Har, cah ayu rak ora mung Marti. Yen kowe selak kepengin duwe pacar goleka liyane bae."

"Wah, ora San. Yen ora Marti aku emoh."

"Yen wis ora kuwat nahan, ya kana ndang pondhongen kaya Raden Janaka mondhong Banowati."

"Ya, nanging olehku arep nyedhaki rada wedi," Hartadi blaka suta.

Santo ngguyu ngakak krungu tembungé Hartadi, nuli celathune, "Har, Har. Kowe kuwi kepriye. Ngesir cah wedok nanging atimu mung samenir. Kaya dudu putrane Pak De."

Hartadi nglenggana, "Ya mula kuwi aku arep njaluk tulung kowe. Aku tulungana. Tenan ya, San."

"Oooo, dadi genahe aku kokdadekake mak comblang, ta? Ya, ya. Aja kuwatir. Demi putrane Pak De sing bagus njelanthir kaya Dyan Arya Wisnubrata sing brangta marang Dewi Hagnyanawati, bakal dakbelani."

Santo netepi janjine. Bot-bote dijaluki tulung pernah kakang dilakoni dadi "tukang pos" partikelir. Lega lila dheweke korban wektu lan bandha sapala. Wiwitane dheweke nyegat Marti nuli dijak jajan bakso neng Kafetaria Kampus. Sing dijak ndilalah ya gelem. Bareng wis ping pindhong ping telu jajan bareng Santo wiwit ngajak rasan-rasan prekara Hartadi. Nanging Santo durung wani mlimpingi rembug. Dheweke isih kudu angon mangsa anggane arep nggathukake bocah sakarone. Luwih-luwih yen ngelingi tanggapane Marti.

"Ooo, Hartadi kae kangmasmu, ta? Baguse bagus, ning..."

"Ning, apa Marti?" Santo genti takon.

"Mboseni!" wangsulane Marti cekak atos.

"Lho, sanajan mboseni nanging setya ing janji."

"Akh, sing setya ora mung sing kaya ngana. Apa sing kaya kowe upamane ora klebu golonganane wong sing setya?"

"Marti. Aja madhak-madhakake aku, sabab aku durung tau diuji kasetyane. Marga aku durung tau duwe kanca bocah wadon sing intim."

"Lha, apa Hartadi wis tau duwe. Ateges wis tau diuji?" panyelane Marti ngotot.

Santo rumangsa oleh kalodhangan, mula enggal-enggal dheweke mangsuli, "Durung! Awit dheweke tansah setya ngenteni pepujaning atine. Nanging sing dienteni ora rumangsa. Dheweke kepengin nyedhaki sarta nyuntak gegembolaning atine, nanging dheweke wedi. Akh, Hartadi pancen mesakake. Arep kirim layang wae dheweke ya wedi. Nembe-nembe iki dheweke wis nulis layang, njur dititipake aku. Sayang aku durung kober masrahake layang kuwi. Nganti saiki layange isih daksimpèn."

"Kanggo sapa layange kuwi, San? Geneya ora enggal-enggal kokwenehake?" pitakone Marti nrecel semu ngguyu.

"Ya saiki iki nembe arep dakwenehake," wangsulane Santo ayem. "Nya, tampanana, wong sing dikirimi layang ki kowe."

"Aku?" Marti kaget awit ora ngira babar-pisan yen Santo gelem dadi tukang pos pelayangane Hartadi.

"Aja kok tolak, mesakake Hartadi. Rak ora ana rugine ta kekancan karo dheweke? Kasetyane boleh diuji lho, Marti."

"Aku gelem kekancan karo Hartadi, anggere kowe tetep ngancani aku. Yen kowe ora gelem ngancani, aku ya emoh!"

"Akh, kok lucu."

"Lucu ya ben!"

Santo kepeksa ngalah. Sapatemone Hartadi karo Marti mesthi dikancani. Nanging bareng bocah loro wis katon raket, tur Hartadi dhewe ya wis wiwit kendel, kanthi alon-alon Santo wiwit ngadoh. Pikire Santo rumangsa lodhang dene

anggone dadi makcomblang sajak wis kasil. Sing didohi ya padha ngerti, nanging tanggapane beda-beda. Hartadi rumangsa seneng dene wis bisa dadi pengawal pribadine Marti. Anggone nyrateni Marti dipengtemenan. Apa sapakone Marti ora tau dibantah. Dhasar Hartadi kuwi sarwa kecukupan, dadi prekara dhuwit ora tau petung. Nanging tumrape Marti seje maneh. Ing telenging atine tuwuh rasa mangkel, ya mangkel marang Hartadi, ya marang Santo.

Sikepe Hartadi sing sarwa manut, ora tau mbantah utawa mancahi kekarepane malah ora dadi karepe. Marti kepengin, kala-kala Hartadi kuwi gelem nyandhet utawa elik-elik yen Marti tumindak luput kaya sing sok ditindakake dening Santo. Wekasane Marti nganggep yen Hartadi mono kalebu wong lanang sing ora duwe pendirian. Cah lanang lemah sing pantese mung dadi jongose bocah wadon. Dudu tipe pemimpin. Mangka bocah wadon kuwi sok-sok kepengin dipimpin. Saora-orane diwenahi saran sing migunani. Marti dadi anyel, lan anyele ngambra-ambra, nganti Santo uga keduman sanajan sing dianyeli babar pisan ora rumangsa.

Sawijining sore Hartadi teka ing omahe Marti ngajak nonton bioskup. Marti sing wis sawatara suwengendhem rasa anyel marang Hartadi mesthi bae ora gelem diajak nonton. Dheweke pawadan yen sirahe mumet lan arep turu. Kepeksa Hartadi mulih nggawa ati gela, banjur bablas menyang pondhokane Santo, mung perlu arep wadul. Yen digagas ambeke Hartadi isih kaya bocah cilik. Mangka sing diwaduli keprenah adhi.

"Har, Har. Kowe kuwi kenang apa, teka-teka awak dibrukake kaya barang rongsoan wae. Karo



maneh polatanmu kok mbesengut. Lagi jothakan ya, karo Marti?" pitakone Santo satekane Hartadi.

"Mbuh!" Hartadi kumbi.

"Waah, mesthi nembe padu karo Marti. Ya apa ora?"

"San, San. Kowe weruh dhewe, aku iki ora tau madoni kabeh kekarepane Marti. Apa karepe tansah dakuja."

"Lha njur kenang apa? Saweruhku yen dudu perkara Marti kowe ora tau mbesengut kaya ngono."

"Iki mau dakjak nonton ora gelem. Pawadane lagi mumet."

"Yen pancen mumet, ya aja kokpeksa. Dina liyane rak isih akeh."

"Aku krasa yen dheweke ngapusi. Ora ngelu ora apa jarene mumet. Ngono kuwi rak nyinggung perasaan jenenge."

"Nek mung kepengin nonton bioskop mbok wis karo aku wae," Santo wiwit mbebeda. Sing dibeda tambah anyel."

"Ra ... wegah!" wangsulane Hartadi sengol.

"Wegah ya wegah, nanging ora susah nesu. Ana rembug, hayo padha dirembug. Njur karepmu kepriye? Aku isih tetep sumadhiya mbantu."

"Tenaaan?"

"Weee lha, nganggo nodhi barang. Apa isih kurang precaya?"

"Ya wis precaya. Suk kapan-kapan Marti takonana. Apa bener dheweke mumet."

"Yen mumet tenan priye, yen ora mumet priye?"

"Yen mumet tenan ya wis ora apa-apa. Aku bakal njaluk ngapura. Nanging yen ora mumet Hartadi kewuhan nggone arep nerusake tembungé.

"Haar, Har. Kowe kuwi jan kebangeten tenan. Mung perkara mumet karo ora mumet bae kok kudu aku sing maju. Kowe kuwi rak wis meh dadi sarjana. Perkara kaya ngono wae ora bisa mrantasi. Nanging ya wis ora dadi apa. Rehning aku wis saguh mbantu, ya kapan-kapan bakal daktakokake. Nanging kowe ya kudu siap-siap ngambil sikap ngadhepi pawadane Marti. Kowe kudu bisa tumindak diwasa."

Kocapa Marti. Salungane Hartadi dheweke malah mesem-mesem semu kalegan atine dene bisa gawe gelane Hartadi. Dheweke singsot-singsot nyedhaki sofa ing pojok ruangan nuli mapan teturon sakepenake. Sedhela bathuke katon njengkerut sajak ana sing dipikir banjur miring nengen. Tangane kumlawe grayah-grayah njupuk majalah ing wadhah koran sakecandhake. Sing kecekel majalah basa Jawa Panyebar Semangat Lembaraning majalah dibukaki tanpa migatekake isine. Mung gambar-gambar lelucon sing rada oleh kawi-gaten. Nanging bareng tekan kaca Udyana Geguritan greg mandheg. Mripate sing dhasare pancen blalak-blalak tambah mblalak amarga maca irah-irahan: Kumpulan Geguritan Gubahane SANTO NUGROHO.

Sing kapacak ing kono ana lima cacahé. Geguritane cendhak-cendhak mawa irah-irahan Grimis Wengi, Cahya Lembayung, Udan Salah Mangsa, Umurku, lan Gumuk Watu. Mbaka siji geguritan iku diwaca batin. Marti rumangsa kepranan marang iketaning geguritan-geguritan



mau. Cekak nanging mentes. Ing batin Marti ngalem marang kawegigane Santo anggone ngrakit basa milih tembung lan gawe lambang. Mathis tur manis, nganti anggone maca dibaleni. Nanging embuh apa sababe bareng mbaleni geguritan Gumuk Watu atine Marti krasa mak senil kaya kenyunyuk pucuk ingwelad dadi panas kemranyas.

"Akh, mosok ta Santo tegel nulis kaya ngene," pangunandikane Marti bareng atine wis rada tentrem. Geguritan Gumuk Watu diwaca maneh. Saiki ora mung dibatin nanging dilesanke alon-alon, ngene unine:

Gumuk Watu

Ibu ...

mau putramu mlaku-mlaku
ana gumuk kebak watu
endahe tanpa pepindhan
watune pendah barleyan
putramu kasmaran
mendah puncake yen katekan

Ibu ...

saiba kagol lan gelaku
puncake kebak sangkrah ri kemadhu
dhuh Ibu suthik aku ...

Marti bali ngenam-enam pikir ngudhar gagasan ing awang-awang. Ing pangangenangene

cumithak wewayangane Santo. Santo sing grapyak semanak, nanging sok-sok ya nganyelake awityen ana bab-bab sing ora dadi karepe ya emoh-emoh tenan nindakake. Santo duwe panemun lan ngugemi panemune sing bener, nanging yen panemune luput ya gelem dielikake. Kapribaden sing kaya ngono kuwi sing disenengi Marti. Dadi sejatine meneng-meneng Marti ketarik marang Santo, nanging Marti dadi ewa jalaran Santo ora tau nggepok-senggol bab katresnan. Marti nganti gumun, geneya ing bab siji kuwi Santo tansah amem tanpa duwe gunem marang Marti. Saiki Marti lagi ngerti yen sejatine Santo ngalem marang dheweke, nanging kejaba ngalem uga ngantem. Sakeplasan Marti kelingan marang Idris, Kusnandar apadene Hartadi lan sawatara kanca lanang liyane sing tau sesambungan raket sawatara sasi, nanging banjur pisah. Jalaraning pisah meh kabeh padha. Marti ora seneng karo kapribadene.

"Aku yakin, geguritan Gumuk Watu iki mesthi ditujokake menyang aku. Pandugaku ora bakal kleru," Marti wis bisa ngonceki gegebenganing geguritan Gumuk Watu, kang uga ateges wis bisa njajagi aten-atene Santo. Nanging isih ana saklimah sing dadi pitakonan, yakuwi ukara pungkasan: dhuh Ibu suthik aku ...

"Apa karepe kok isih nganggo tandha titik cacah telu? Kok ora titik siji, mantep tur cetha?" ngono pitakone Marti marang awake dhewe.

"Akh, sing bisa mangsuli ceplose ya mung dheweke," Marti nggresah.

"Ben, kapan-kapan taktakokake."

"Majalah Penyebar Semangat ditutup, malah ditekuk banjur dikekep ing dhadhane, "Santo,

Santo. Ya gene biyen-biyen kowe ora gelem nelakake kandhutaning atimu? Kowe pancen kebangeten ...,” les Marti keturon, nggawa impen kang endah bebarengan karo Santo. Ing kanane wong loro bebarengan mlaku-mlaku ngunggahi gumuk kang endah. Anggone mlaku padha rerangkalan. Tangan tengene Marti lengket ana ing bangkekane Santo, dene tangane kiwa ditekuk munggah nyekeli tangane kiwa Santo sing tumumpang ing pundhake. Sakarone padha menganggo sarwa biru lambanging kasetyan. Bareng tekan puncaking gumuk wong loro padha lungguh jejer kepara meped ana ing watu gilang.

“Wah, aku ora ngira yen ndhuwur gumuk iki jebul ana kuburane. Kuburan kang endah mawa tetuwuhan lan kekembangan maneka warna,” cluluke Santo. “Gek kuburane sapa, ya?”

“Iki durung mesthi yen kuburan, San. Yen pandugaku iki mung petilasan,” wangsulane Marti mantep.

“Kok ngerti yen mung petilasan? Dhasare apa?”

“Dhasare? Sanajan ana wewangunan kaya kothakan kuburan nanging nyatane ora ana maesane.”

“Waah, ora ngandel. Aku malah duwe panemu liya,” Santo ngengkel.

“Priye?” genti Marti takon semu nantang.

“Ngene. Kuburan iki mesthi wis puluhan taun, lan wis bola-bali dienggo ngubur wong-wong. Saking kerepe kanggo ngubur mula ora diwenahi maesan. Awit maesan kuwi rak adate nyebut jenenge wong sing dikubur? Rehning sing dikubur akeh, dadi ya wis ngono wae tanpa maesan.”

"Teorimu ngawur, San. Aku ora ngandel."

"Ngandel karepmu, ora ngandel ya karepmu. Aku ora meksa."

"Krungu wangsulane Santo sing ngono kuwi Marti dadi mangkel. Tangane kumlawe nedya njongkongake Santo, nanging sing arep dijongkongake ngendhani. Marti meh kejlungup ... mak gragap, dheweke kaget amarga sethithik maneh keglundhung saka sofa. Marti tangi banjur lungguh lenger-lenger ngunjal ambekan. Ngeling-eling impene sing lagi bae dialami pikirane dadi tambah ruwet. Wewayangane Santo tansah ngreridhu atine, campuh karo rasa warna-warna. Ya mangkel, ya gething ngelingi unine geguritan Gumuk Watu, nanging ya ... kepengin nyandhing.

Saupama wektu semana Santo ana ing ngarepe mbokmana wis diuman-uman diundhama, digablogi, nanging uga dijiwiti nganggo driji kang kilenan rasa sih katresnan. Malem Minggu sing lumrahe disebut malam panjang tumrape Marti dadi krasa suwe banget kedayan dening kepengine enggala esuk, ben enggal bisa ketemu Santo ing Kampus Universitas. Batine wis ngrancang tharik-tharik apa rembuge mengko yen wis adhep-adhepan karo Santo ing kafetaria. Ing kahanan kaya ngono wewayangane Hartadi wis ilang bias tanpa tabet.

Dina Senen Marti kuliah esuk, Santo ya esuk. Nanging wiwit esuk kuliah sepisanan nganti rampung jam siji awan Marti sing saben wektu ngaso tansah clingukan meksa ora weruh glibede Santo.

"Apa Santo ora kuliah?" saking notole kepengin ngerti Marti merlokake takon marang salah sawijining kanca kuliahe Santo.



"Iya. Sedina iki dheweke pancen ora katon. Mbomanawa lara."

"Akh, mosok lara. Wong dhek dina Setu waras-wiris, kok," kanca liyane melu nimbrung gunem. "Ana apa ta Mar, kok nggoleki Santo?"

"Ana perlu sithik. Wis ya," Wangsulane Marti cekak, nanging ing batin dheweke ngundhamana, "Akh, semprul Santo. Ditunggu-tunggu malah ora teka kuliah. Sontoloyo!"

Sakjega Santo pancen ora tau mbolos kuliah. Dheweke daya-daya kepengin ngrampungake kuliahhe. Nanging dina Senen kuwi dheweke kepeksa mbolos awit awake krasa lungkrah banget, tur sirahhe tansah cekot-cekot mumet banget. Sapungkure Hartadi dheweke nerusake anggone sinau ngringkes lan gawe ikhtisar sawi-jining buku bahan kuliah wajib. Kira-kira jam sewelas garapane wis rampung. Dhasare ya wis klakepan ngantuk mula tanpa cucul clana dheweke terus mapan turu cekelan watoning dipan. Lagi makler terus ngimpi, ndadak im-pene kok ya padha karo impene Marti, nanging beda pungkasane. Santo dijongkongake Marti nganti tiba saka panggonane lungguh ing watu gilang. Gedebug, Santo tiba temenan saka dipan. Kejaba kaget, pilingane sing kebentus plesteran dadi krasa njarem. Sawise tangi lan ngombe banyu putih segelas, dheweke mapan turu maneh karo setengah misuh.

"Huh, sialan. Lagi enak-enak turu ndadak ngimpi sing ora-ora," Santo mapan turu lumah-lumah ing tengahing dipan.

Wektu semana wis jam setengah rolas bengi. Santo ngeremake mripate, nanging meksa ora bisa

туру. Impene meksa nabet ing telenging atine nuwuhake pikiran rupa-rupa. Luwih-luwih bareng wewayangane Marti bola-bali ngaton, tur krasa angel dikipatake. Pikirane Santo dadi keplantrang-plantrang nanging mulek keplet dening wewayangane Marti. Esem sing pait kilang gawang-gawang ndudut ati. Mripate sing gilar-gilar kaya lintang panjer esuk, krasa kaya ngesuk-esuk atine. Santo glibagan, atine sangsaya ora jenjem. Banjur kelingan yen pinuju Marti nesu amarga panemune diwaoni. Marti mbesengut, nanging dhasare bocah ayu manis uleng-ulengan mbesenguta ya saya patut kaya Dewi Banowati ing crita pewayangan.

Nyut. Santo kelingan geguritane sing mawa irah-irahan Gumuk Watu sing pancen kusus banget ditujokake marang Marti. Sakala Santo banjur tangi nggoleki Panyebar Semangat sing ngemot geguritane. Geguritan Gumuk Watu diwaca bola-bali. Geguritan sing ditulis kanthi ati mantep, saiki malah kaya ngendhang lan ngegongi sirah sing mumet dadi tambah cekot-cekot.

"Wah, yen Marti nganti ngerti njur njothak aku, kepriye?" tuwuh rasa kuwatir ing atine Santo.

"Ora!" pikirane mbantah. "Nesu ya ben, dhasar wis dakniyati. Cah lanang kudu ngugemi janji. Luwih-luwih janji marang awake dhewe, tur aku ya wis janji karo Hartadi."

Les, Santo keturon. Swara adan ing mesjid sing saben dinane nggugah anggone turu saiki malah kaya lagu Nina Bobok. Sidane Santo krainan. Nalika dheweke tangi srengengene wis kenthar-kenthar. Mripate krasa panas, sirah tambah cekot-cekot. Sawatara suwe Santo tetep dhelog-dhelog ing pinggir peturon.

"Oh, Marti ... Marti!"



Mari Wuyung Malah Bingung

Santo lungguh jegang dhelog-dhelog ngadhepi Sjendela. Dipan sing dilungguhi dudu dipan sing biyen. Dipan sing biyen wis ditinggal kurang luwih rong taun kepungkur. Santo wis nyambut gawe ana ing sawijining kantor Kota madya. Dhasar pinter srawung, sedhela bae wong sakantor wiwit sing pangkate dhuwur dhewe nganti sing paling endhek kenal kabeh. Sarjana, bagus, grapyak tur isih legan mula ora nggumunake yen akeh karyawati sing isih legan mambu ati karo dheweke. Akeh sing padha mbudidaya nyedhaki ngempek-empek atine. Nanging tangkepe Santo ketara banget yen ora mbedakake pasrawungan. Kabeh direngkuh padha. Ora ana sing kanggep sinarawedi.

Ing antarane karyawati sing isih legan mau ana siji sing notol banget pepengine dadi sisihane Santo. Mangka, nuwun sewu rupane ora ayu malah klebu kuciwa ing wama, jenenge Murtinah. Kalungguhane pancen rada lumayan,

ingatase tamatan Sarjana Muda tur nyambut-gawene ya wis sawatara suwe. Ing batin Santo rada ewa karo Murtinah. Dudu jalaran saka rupane sing ora ayu kuwi, nanging sikeplang tangkepe sing sok rada kebacut kemayu nganggo nel-nelan pisan. Murtinah manggon ing sawijining omah bebarengan karo embahe, sing kapinujon ora adoh saka pondhokane Santo.

"Mangga ta Mas Santo, pinarak nyang gubugku," saben-saben Murtinah ngampirake yen kapinujon bebarengan mulih saka kantor.

"Suk wae kapan-kapan dakperlokake sowan," wangsulane Santo ngenaki rembug.

"Akh, padune ora kersa. Mbok ngendika wae yen ora kersa," pandheseke si sekbem, pesek tembem. "Simbahku kepengin banget lho kenal karo Mas Santo, marga aku kerep banget nyritakke."

"Matur nuwun. Wong sowan piyayi sepuh kok mung samben mulih kantor. Mengko rak disengguh ora ngerti unggah-ungguh. Sida cilaka awakmami."

"Ya, ya. Mengko ndak didukani calon Bulik."

"Calon Bulik? Sapa?" pitakone Santo semu gregeten.

"Alaaa ... Ibu kose Mas Santo rak kagungan putra keponakan ayuuu banget. Mosok Mas Santo ora ngerti. Biyen tau tilik rene, kapinujon aku sowan rana. Mas Santo mesthi bakal dipacangake karo dheweke," Murtinah nricis semu nracak gawe mangkele Santo.

"Wis ya, kepareng dhisik," wangsulane Santo nugel gunem sing wiwit ngladrah nuli enggal-enggal ngegas sepedha montore.

Mung saka kepengine netepi bebasan: karyenak tyasing sesama, ing sawijining dina, ya

mungtrima saulihe saka kantor bebarengan kanca telu Suyanto, Sukaryono lan Joko, Santo sida mampir menyang omahe Murtinah. Sawise jejagongan wetara sakjam wong papat pamitan, diuntapake Murtinah lan embahe tekan regol.

Ya telung dina sawise mampir kuwi atine Santo krasa ora kepenak. Ana rasa sing aneh mruntus ing telenging ati. Pikirane dadi kisruh. Lha ya kisruhing pikire kuwi sing njalari Santo lungguh dheleg-ndeleg ngadhepi jendhela. Atine teka tumlawung marang Murtinah si dhekmu, cendhek tur lemu. Bebasan linali-lali saya ngalela, ginagas saya ngranuhi, kaya tembung wong kang lagi anandhang gandrung-gandrung kapingrangu marang sang dyah apindha Ratih. Mangka Murtinah kuwi dudu Dewi Ratih. Begja-begjane mung tiba Limbuk abuh.

Mundhak dina kahanane Santo tambah nganeh-anehi. Mangan ora enak turu ora kepenak. Luwih kerep anggone dhelog-ndelog. Rahayune dene isih ana kesadharan sakcuwil sing nyandhet hardaning ati sing kepengin nemoni Murtinah. Kahanane sing kaya ngono kuwi suwe-suwe banjur kadenangan dening bulike, Bu Nardi. Pak Nardi kuwi isih pamane Santo. Pak Dwijowiyata bapake Santo kang mas cere Pak Nardi. Ngono kae nalika Santo tumapak nyambut gawe Pak Dwijo merlokake masrahake Santo marang paklike.

"Nak Santo," panyapane Bu Nardi sawijining dina, uga nalika Santo dhelog-dhelog ana ing kamare.

"Okh, kula Bulik," wangsulane Santo gragapan.

"Sajake kaya ana sing lagi dipikir. Apa ta?"

"Akh, mboten manah menapa-menapa kok, Bulik."

"Wis ta, aja sok kumbi karo wong tuwa. Awit yen ana apa-apane rak bapak-ibu kene sing ditutuh bapak-ibu Pemalang."

"Inggihi, Bulik. Matur nembah nuwun dene semanten pangrengkuhipun dhateng kula. Nanging panci mboten wonten menapa-menapa, kok."

"Yen pancen ora ana apa-apa ya sokur. Nanging bulik niteni. Sawatara dina iki Nak Santo katon goreh. Katon ora jenjem. Yen dhahar ya mung sethithik, sajak lagi prihatin, kathik yen bengi sok ngindur."

Dheg, Santo kaget. Raine dadi semburat abang, lan rumangsa wis ora bisa kumbi marang bulike. Batine banjur pasrah, malah kepara thukul pangarep-arepe bulike bakal bisa nulungi kisruhing pikire.

"Inggihi, Bulik," wangsulane lirih, "kula nyuwun pangapunten dene mboten matur kemawon menapa ingkang dados kisruhing manah kula."

"Lha, rak ngono. Bulik rumangsa lega. Sapa ngerti mengkone bisa cawe-cawe ngudhari benang ruwed."

"Sakdereng lan saksampunipun matur nuwun. Nanging kula suwun prekawis menika kersaa kadamel wados, awit kula rumaos lingsem. Lingsem dhateng kanca tuwin dhateng badan kula piyambak,"

"Ya wis ta. Ora-orane bulik wer-weran marang wong liya. Upama anaa sing dakjak rembugan paling-paling rak ya mung Pak Nardi."

"Mekaten, Bulik. Sawatawis dinten menika kados wonten raos ingkang aneh. Raos ingkang mboten nate kula alami sakjag kula gesang. Inggihi



menika ... kayungyun dhateng satunggaling pawestri."

"Lha, rak lidok pethekku," Bu Nardi nggugeng nyekikik. "Jejaka gandrung marang prawan kuwi lumrah. Ngono bae ndadak ngisruhake pikir. Dak rasa sliramu kuwi ya wis pantes nambut silaning akrami. Dadi yen ana wanodya sing panuju ing pikir, ya kari matur bapak-ibu. Mosok iya bakal dialang-alangi. Mbokmanawa malah karenan ing galih."

"Inggih, Bulik. Dhawuhipun Bulik panci leres. Namung kemawon ingkang kula gumuni menika, wanita ingkang danel kisruhing manah menika teka ingkang mboten kalebet ing petang. Malah kula radi ewa dhateng piyambakipun. Lha kok samenika kula kadadak gandrung, menika rak aneh."

"Gek sapa wanita kuwi, Nak?" pandheseke Bu Nardi sing ing batin wis kagungan panyakrabawa.

"Murtinah, Bulik."

"Murtinah?"

"Inggih."

"Mau-maune kepriye kok nganti sliramu kedanan Murtinah kuwi?"

"Ngaten, Bulik. Wongsal-wangsul piyambakipun ngampiraken kula dhatenggriyanipun, nanging kula tansah semados. Pawadan kula mboten sekeca sowan piyantun sepuh kok namung samben. Minggu kepengker wangsul saking kantor kula kampir sesarengan kaliyan Suyanto, Joko tuwin Sukaryono. Ing pangangkah inggih namung ngecani sarak kemawon."

"Njur disuguh apa neng kana?"

"Inggih limrah, nyamikan kaliyan unjukan kopi."

"Wah, wis genah! Genah!"

"Genah kadospundi, Bulik?"

"Genah yen sliramu kesandhung ing gunaguna pengasihane. Kaya ngono kuwi pancen wis lageyane Murtinah sing didombani mbahne."

"Manawi dipun pasangi gunaguna, kok kanca-kanca sanesipun mboten menapa-menapa, Bulik?"

"Sliramu ki ya aneh. Yen sing dituju mung sliramu, sing dipasang gunaguna ya mung siji. Liyane ora!"

"Ooo, ngaten ta, Bulik?"

"Iya. Rahayune Nak Santo isih kuwawa nyandhet ubaling ati. Yen ora, waah sida kedrawasan tenan. Lan tujune meneng-meneng bulik ya nggatekake."

"Sasampunipun kula matur, prayoginipun lajeng kados pundi, Bulik?"

"Sing cetha, gandrungmu kuwi dudu gandrung sabaening gandrung nanging amarga kena ing loropan. Kena ing krenah alus sing ora prasaja. Kanggo mbentengi supaya ora kebacut-bacut iya kudu disranani sangkaning alus lan remit-rempit. Bab kuwi pasrahna Bulik. Mengko bengi becike padha sowan piyayi sepuh nyuwun sarana."

"Inggih, Bulik. Mangsa borong anggenipun badhe madosaken sarana. Kula namung andhedherek kemawon."

Bubar mahrib Pak Nardi sekaliyan arep tindak daleme Kyai Haji Mahmud Pamungkas ing Kauman, perlu nyuwunake usada kanggo Santo.

Bareng tindake tekan lawangan, jangkahe Pak Nardi kandheg sajak kelingan apa-apa.

"Mengko dhisik, Bu. Apa ora luwih becik Santo dijak pisan?"

"Bener, Pak. Karo maneh tumrape Pak Kyai rak ya luwih gampang anggone nyranani yen sing disranani ngadhep. Dak undange sedhela." wangsulane Bu Nardi karo jumangkah bali.

"Nak Santo!"

"Kula, Bulik," sing diundang mencungul saka kamar, "wonten dhawuh menapa?"

"Ngendikane bapakmu, becike sliramu sowan sisan menyang daleme Kyai Haji Mahmud."

"Kersanipun?"

"Akh, kepriye ta? Nyuwun usada kanggo ngilangi sesuker."

"O, inggih. Kula gantos sekedhap."

"Ya, cepet. Selak dienteni bapakmu kae."

Kebeneran bengi kuwi Kyai Haji Mahmud Pamungkas ora tindakan. Sawise bage-binage, Pak Nardi enggal ngaturake perluning sowan.

"Lah, menika larenipun ingkang kenging ing rubeda," ature Pak Nardi karo nudingi Santo.

"Pak Nardi sekaliyan menapa dene Nak Santo. Mila wonten katrangan ing salebeting Kadis bilih jodho, rejeki serta pati menika kawengku wonten ing astaning Pangeran," Kyai Haji Mahmud mbukani rembug.

"Kasinggihan, Kyai," Pak Nardi nanggapi.

"Mila saking menika manawi wonten tiyang jejodhowan ingkang sakawit dipun sranani ing tindak kaculikan, kados ta mawi guna-guna lan

sasaminipun temtunipun inggih lajeng kirang prayogi kadadosanipun. Jer kenging winastanan ngroda paripaksa dhateng kodrat utawi takdiring Gusti Allah. Sok makatena, manawi tiyang kekalih sampun kelajeng sesomahan, kula inggih mboten wani medhotaken. Awit badhea kados pundi ingkang nama pegatan menika kalebet ewoning pendamel halal ingkang mboten dados karenanipun Gusti Allah."

"Kasinggihan dhawuhipun Kyai. Inggih awit saking menika rehning kula sakukuban rumaos dipun titipi dening tiyang asepuhipun, mila lajeng ikhtiyar nyuwun senjata pitulung. Kados sampun cetha wela-wela manawi kayungyunipun keng putra Santo dhateng Murtinah menika mboten sabaenipun," Bu Nardi banjur njlentrehake saparipolahe Santo sawatara dina kepungkur.

"Inggih, inggih. Kula pitados. Awit manawi mboten klentu kawontenan makaten ingkang wonten sesambetanipun kaliyan jeng Murtinah menika mboten ngemungaken sepisan pingkalih," wangsulane Pak Kyai.

"Lho, tenan ta. Bulik ora kleru," Bu Nardi njawil Santo. Sing dijawab ora wangsulan.

"Kula aturi sami lenggah rumiyin. Kula tilar sekedhap," Kyai Haji Mahmud nuli mlebu. Ora watara suwe wis miyos maneh ngasta banyu putih sakgelas.

"Mangga, Nak Santo. Kula aturi ngunjuk ngantos telas. Mugi-mugi Gusti Allah ngijabahi panuwun kita ingkang sae."

"Amin," Pak Nardi lan Bu Nardi ngamini pandongane Pak Kyai.

Bareng wis lenggah maneh Kyai Haji Mahmud miwiti rembug. "Pak Nardi. Kula menika rak asring

rumaos lingsem. Kenging menapa taksih kathah tiyang ingkang ngaken Islam nanging nyatanipun tumindak kados makaten menika. Kok mboten sami ajrih dhateng sapu-dhendhaning Gusti Allah."

"Lha inggih rehning taksih nama titah menika, Kyai. Mila lajeng kathah kesupenipun," mangkono tanggapane Pak Nardi.

"Mila kedah dipun budidaya murih mboten gampil kesupen. Kesupen utawi tembungipun sanes limut menika panci dhadhunging eblis. Rehning titah menika sekeng, kedah rumaos ing sekengipun lajeng puruna nindakaken istigfar, nyuwun pangapunten saha pangayoman dhateng Ingkang Aparing Gesang. Kados Nak Santo ingkang saweg kenging ing pacoben menika, mugi dipun kathahi istigfaripun."

"Inggih, Kyai. Mugi saged ngestokaken dhawuhipun Kyai," wangsulane Santo ndheku.

"Weling kula, ingkang waspada dhateng pacoben. Awit pacoben menika wami-warni sanget wujudipun."

"Rehning taksih rumaos cubluk, mugi Kyai kersa paring seserepan."

"Inggih selot-selotipun, Nak. Sokur bage Nak Santo kersa tindak mriki piyambak yen pinuju senggang. Mangga, mboten sisah nggalih pakewed, badhea tiyang sepuh menika gadhahipun namung umur kaliyan semburtur dereng temtu manjur."

"Matur nembah nuwun."

Bareng wis sawatara suwe anggone padha ngendikan, Pak Nardi banjur nyuwun pamit. Sadalan-dalan wong telu isih padha rasanan prekara sing nembe dadi rembug. Malah nganti

keplantrang ngrasani tangkepe Kyai Haji Mahmud Pamungkas ana ing pasrawungan.

"Padha-padha kyai tur haji pisan Pak Mahmud kae ora fanatik. Buktine yen pinuju ngrembug kabudayan utawa kasusastran Jawa ya isih gumyek, ora cumeri-ceri kaya kyai-kyai lan kaji-kaji liyane," mengkono pangaleme Pak Nardi.

"Kapan-kapan kula badhe sowan saestu," tembungé Santo sing pancen ketarik marang katrangan manawa cobaning Pangeran kuwi warna-warna wujudé.

"Iya, prayoga banget," Pak Nardi nanggapi, "mbokmanawa kena kanggo sanguning urip. Awit urip kuwi ora cukup mung nyandhang lan mangan sarta nyukupi kebutuhan kang kasat mripat thok. Sing ora kasat mripat embuh ala embuh becik ya pantes disumurupi supaya uripe ora nganti kejlomprong."

"Inggih, Pak. Buktinipun kula menika. Saking cublukipun ngantos kirang ing pangatos-atos, temahan meh kemawon kejoblos," Santo mangsuli karo ngguyu nggleges.

"Saiki rasaning atimu kepriye?" Bu Nardi nyelani.

"Wah, taksih nyat-nyatan, Bulik. Mugi-mugi mbenjing enjing sampun ical babar pindhah."

"Becike mengko enggal ngaso ngleremake pikir."

"Inggih, Bulik."

Watara jam setengah sepuluh Santo wis mapan turu. Nanging sarehning ora kulina turu sore dadi ya ora bisa enggal turu. Dhasar pancen durung krasa ngantuk, mula dheweke malah

klisikan, mripate kelop-kelop nyawang pyan. Gagasané isih tumlawung marang Murtinah. Kanggo nyabili pangrasa sing kayangono dheweke nyandhak buku, diwaca karo lungguh ing pinggiring dipan.

Wengine sangsaya nglangu, sajak lakune nggremet marani esuk. Nalika Santo wiwit klakepah jam tembok Westminster ing ruang tamu keprungu gemlonthang ping pindho. Santo mateni lampu nuli mapan turu, liyer-liyer nuli les.

Lagi bae mak les Santo kepeksa tangi nguripake lampu maneh jalaran ing njaba keprungu swaraning wanita kula nuwun nganti ambal ping telu.

"Mangga," wangsulane Santo karo tumuju marang ruang tamu nuli nguripake lampu. Bubar nguripake lampu agahan mbukak lawang ngajengan.

Kaya ngapa kagete Santo bareng ngerti yen tamune mau jebul kanca lawas sing wis meh telung taunan ora tau ketemu tur ora kaweruhan papan dununge wiwit pepisahan biyen. Pepisahan kang tanpa pamit-pamitan, tanpa ijol-ijolan alamat, tanpa prajanjen bakal kabar-kinabaran awit sing siji nggawa ati pingget sing jero banget. Malah-malah nganti kewetu tembungé yen saumur urip suthik ketemu maneh.

"Kowe, Marti?" swarane Santo kedher nalika nyapa tamune.

"Ya, aku pancen Marti," wangsulane si tamu canthas.

"Karo sapa tekamu?"

"Ijen!"

"Ijen?" Santo gumun. "Iya, ijen. Awit aku ora duwe kanca. Ana kanca siji bae njothak."

"Kok wayah bengi ngene?"

"Aku kepengin ketemu kowe ijen padha ijen. Yen awan mundhak ana sing weruh. Aku wegah."

"Wigatine?"

Marti ngguyu renyah. Guyune wong sing lagi kalegan atine. Untune sing putih miji tinun katon gumebyar. Sinome sing fompyoh-rompyoh disilakake memburi, nanging sapandurat wis bali ngrenggani bathuke, ndadekake mripate sing gilar-gilar katon tambah sumunar. Ing sunare lampu neon katon Marti mesem, nanging nuli menjep. Sing dijenjepi krasa mak sir atine kaya dijejuwing. Santo kamiteng-gengen.

"Santo!" panyentaké Marti. "Tekaku bengi-bengi sineksenan lintang-lintang lan mega malang mung kepengin ketemu kowe ijen padha ijen."

"Iya, iya Marti. Nanging wigatine apa?" Santo ngrerepa.

Marti ngguyu maneh nanging guyune sepa. Guyune wong sing lagi kelara-lara, nuli tembungé nunjem atine Santo, "Aku kepengin weruh rupane wong sing nganggep aku kaya gumuk watu. Nanging nyatane saiki malah lagi gandrung marang wong candhala kaya gumuk kebak ula. Mula saiki piwalesku tampanana!"

Santo nyoba ngendhani barang sing disawatake Marti nanging pangendhane luput. Dhadhane kena ing sesawat sumentug rasane. Sesawat enggal dicandhak wujud saputangan ijo pupus isi mawar jambon sakgagange. Kembang mawar nuli dijupuk lan dicekethem gagange. Dumadakan. Santo kaget gragapan awit sing



digegem kenceng jebul mung teralis jendhela ing sandhing dipane.

"Astagfirullah," Santo nyebut, "impen kok elok temen, gek apa wahanane?" Santo ngremed-remed rambute, "Martiii, Marti. Ana ngendi kowe saiki?"

Sidane Santo dhelog-dhelog nganti esuk ora bisa turu maneh. Ing puputing wengi kuwi gandrungé Santo marang Murtinah sing ora sabaene sakkal sirna babar pisan kaya mendhung kesaput angin sindhung riwut. Rasaning atine malik grembyang. Marti sing wis telung taunan lawase ilang saka pangangen-angene dadakan bali ngrenggani atine. Angel anggone netepake endi sing ngilangi gandrungé marang Murtinah. Impene apa sranane Kyai Haji Mahmud Pamungkas. Sing cetha ana rasa keduwung sing tanpa upama nyesek ing dhadhane.

"Marti. Aku njaluk pangapuramu. Aku rumangsa dosa gedhe. Aku wis tumindak sing ora samesthine marang kowe. Dhuh Gusti. Mugi kersaa Paduka netesaken raos kuduwunging manah kula dhateng piyambakipun. Lan mugi Paduka kersa paring kanugrahan sagedipun kula pinanggih malih kaliyan piyambakipun. Saupami piyambakipun sampun mengku bale griya, kula pepuji mugi manggiha katentreman lair-batos, lan kula kepengin asrah kalepatan," mangkono pangudarasane Santo ing wayah puputing wengi.

Sejatine pancen ora bisa diselaki, ing atine Santo isih urip urubing katresnankang ora tau mati. Urub katresnan kang tanpa rinasa tansah mepeti tetesing katresnan marang wanita liya. Mung nalare wae kang tansah rinubung ing rasa tidha-tidha.

Biyen, kajaba ora seneng marang trajange Marti ana ing jagading pasrawungan Santo uga tansah ngelingi kahananing wong tuwane sing adoh banget sungstate karo wong tuwane Marti. Santo tansah rumangsa yen dudu timbange, awit wong tuwane mung guru esde, mangka Marti putra bupati. Upama sing nglakoni padha karepe utawa tunggal tekade, Santo kuwatir yen wong tuwane ora sarujuk. Lan yen wong tuwane ora sarujuk Santo ya ora mentala meksa. Mula saiki sing dadi pikiran mung rasa keduwunge dene biyen nate tumindak sing ora prayoga nganti natoni atine Marti. Santo unjal ambekan dawa nalika kelingan sapatemone kang pungkasan karo Marti telung taunan kepungkur.

Kala semana pinuju malem Minggu Santo merlokake nemoni Marti. Karepe mono arep mandhiri dadi dutane Hartadi, nanging sing kelakon jebul beda banget sungstate karo rancangane sakawit Marti nampa tekane Santo kanthi grapyak semanak kaya padatan, sajak ora ana bundhelan apa-apa. Bengi kuwi Marti nganggo rok sutra ijo pupus, bandhu sing nalení rambute ijo pupus, lan gelang giok ing tangan tengene uga ijo pupus. Rambute dirembyak lan sinome katon rompyoh-ropyoh. Dhasar pakulitane kuning nemugiring, penganggo sarwa ijo pupus maya-maya kaya rebut cahya karo pakulitane. Saka rumangsane Santo kala semana Marti nganti kaya widadari kamanungsan.

"San. Dakkira kowe ora sida teka."

"Ora watak Santo cidra ing ubaya. Luwih-luwih janji karo kusumaning ayu Dewi Sumarti," wangsulane Santo ndhagel.



"Eee, sapa ngerti neng tengah dalan kepalang gumuk watu."

Dheg, atine Santo kaya ditotog watu. Nanging dheweke mbudidaya supaya ora ngawistarani. Karo nata atine sing dheg-dhegan Santo mlengoh nyawang Marti. Nanging sing disawang sajak ora nglegewa. Mung mripate nglikir kepengin weruh polatane Santo. Marti ngerti yen Santo kaget.

"Maar, Mbok aja ngrembug sing ora-ora, ta."

"Lho, sing ngajak ngrembug prekara sing ora-ora kuwi sapa? Sapa coba? Tekamu dak anti-anti marga aku kepengin rembugan wigati. Wigati tumrapku lan tumrapmu. Aja salah tanpa dhisik, ta. Yen anaa sing salah tanpa, mesthine rak malah aku. Wong aku sing kenyunyuk. Ewa semono aku emoh salah tanpa, sanajan"

"Sanajan apa, Marti?"

"Sanajan ana wong sing kandha suthik srawung karo aku," wangsulane Marti nandhes ing jantunge Santo.

"Prekara kuwi bisa dirembug liya wektu. Saiki aku kepengin ngrembug bab sing luwih wigati, yakuwi sesambunganmu karo Hartadi"

"Hartadi!?" pamunggele Marti njengek. "Aku emoh rembugan prekara Hartadi. Yen kowe arep rembugan, kana rembugen dhewe."

"Aja kaya ngono ta, Mar."

"Ora! Saiki aku arep takon. Sepisan, dhek dina Senen karo Selasa kok kowe ora kuliah, kenang apa? Kapindho, endi sing luwih wigati antarane prekarane Hartadi apa prekaraku?"

Santo tetep mangsuli kanthi sareh, "Rong dina kuwi sirahku mumete ora jamak. Dene

prekaramu utawa prekarane Hartadi dakrasa ora bisa dipisah-pisah, awit kowe karo Hartadi ..."

"Ora! Aku wis ora duwe sesambungan karo dheweke. Cah lanang ora duwe pendirian kuwi kaya bebek. Dadi bisane ya mung mbebek."

"Nanging dheweke rak setya ta, Marti?" pamunggele Santo sareh.

"Urip ora cukup mung sangu kasetyan. Wong urip kudu duwe keyakinan. Duwe pane-mu sing maton. Mula saiki aku kepengin takon."

"Arep takon apa, Marti?"

Marti ora enggal-enggal mangsuli. Rasa kawanitane nyandhet tembung-tembunge sing wis dirancang tharik-tharik ora bisa kawetu. Rasane dadi bingung tur anyel, kudu nangis bae saking mangkele. Marti ndhingklik karo nyilentiki roke sing ora reged. Santo ngenteni klawan sabar.

"Marti, kowe arep takon apa?"

"Hm," Marti mung unjal ambekan. Atine tetep abot arep miwiti rembug. Lambene sing tipis dhamis kedher, nanging ilate kaya kelu.

"Maaar," sepisan maneh Santo nyebut jenenge kanthi swara lirih sasat miing bisik-bisik. Jantunge Marti dadi dheg-dhegan awit pangundang mau rasane kaya mengku rasa sih katresnan. Mung emane tembung-tembung kang nelakake rasa sihtresna ora tau kawedhar saka lesane Santo.

Senajan batine dadi mangkel Marti nata atine ngulur nalare, nanging tetep krasa rontang-ranting ngelingi unine geguritan Gumuk Watu. Arepa tembung suthik ana titike telu atine Marti meksa krasa tatu. Sire arep golek tamba supaya tatune mari, nanging ana rasa kuwatir yen dudu



tamba sing ditampa, destun tatune mundhak
amba ngambra-ambra.

"Aku iki rak gumuk watu sing kebak sangkrah
ri kemadhu. Mulane kowe suthik marang aku,"
gunemane Marti lirih lan tetep ndhingkluk.
Senajan lirih tumrape Santo kaya disamber gelap
tuna.

"Marti," Santo isih nyoba nyelani nanging
Marti ora ngrewes lan mbacutake guneme.

"Rehning kowe suthik, luwih becik ora susah
nemoni aku. Ora susah kekancan saumur urip,"
Marti wis ora kuwat nahan wetuning luh.

"Marti. Aku ..., aku ...," Santo kami

sosolen ora bisa mbacutake guneme. Mangka
sejatine dheweke kepengin nerangake yen
tem-bung suthik kuwi gegayutane karo
kahananing wong tuwane.

"Wis. Cukup!" Marti wis ora tahan, banjur
brabat mlayu mlebu karo nangis sesenggjukan.

Santo sing ditinggal ijen kepeksa mulih tanpa
pamit. Seminggu sawise kedadean mau ing
Kampus sumebar kabar yen Marti pindhah
menyang Jakarta. Santo krasa kelangan gedhen
nanging suwe-suwe dipupus, lan dheweke tetep
nyimpen wewadi bab oncate Marti.

Calon Saka Ibu

Dina-dina rasane tambah sepa, bengi-bengi sangsaya sepi nglangut. Yen tangi kerep kerinan nganti lungane menyang kantor kerep ora sarapan, ewadene rumangsane ora luwe. Yen pinuju mangan rasane tansah keseretan nganti bola-bali kepeksa ngombe, tur sing dipangan sajak ora dadi daging. Ketara banget yen Santo mundhak kuru. Yen pinuju dina Minggu mempen ana ing kamar ... nulis. Embuh apa sing ditulis, mesthi bae ora ana sing ngerti kejaba awake dhewe. Lembar-lembar buku kuwi kebak cathetan kaya buku harian nanging tanpa tanggal. Mung kala-kala ditulis dinane. Mesthi bae tanggale lali, wong sing ditulis kuwi kedadeane wis kepungkur suwe, yaiku jaman wiwitan kenal karo ... Marti. Lan ukara ing wiwitaning bab tansah ajeg, unine mangkene: Marti gegantilaning atiku ...

"Santo. Mbok kene padha linggihan," Pak Nardi nimbali.

"Inggih, Pak. Sekedhap," wangsulane Santo jalaran isih ana ukara sing durung rampung.

Bareng Santo metu jebul Pak Nardi sekaliyan lenggah ana ruang tengah. Sajak ana wigati. Santo



ya wis krasa yen paklike sekaliyan mesthi menggalih kahanane sing pancen katon owah-owahane. Lha wong ya mangan ora enak turu ora kepenak, mesthi bae awake saya kuru guwayane acum kaya wulan karainan.

"Wonten dhawuh menapa, Pak?" pitakone Santo bareng wis lungguh.

"Akh, ora dhawuh ora dhaweh, San. Terus terang aku lan bulikmu prihatin ndeleng kahanamu. Daksawang awakmu saya rusak. Pendhak dina saya sithik gunemmu, tur senenge ngerem ana kamar. Yen ana apa-apane aku karo bulikmu mesthi dadi paran tutuhan. Apa ta sejatine sing kok pikir?"

"Apa isih mikir Murtinah?" bulike nyambungi.

"Babar pisan sampun mboten, Bulik. Wiwit saking sowan Kyai Haji Mahmud menika sampun ical."

"Njur saiki apa sing kokpikir? Saka panyawangku, semono uga bulikmu kahanamu saiki iki malah luwih luwih apa ya Bu, yen ditimbang karo nalika digawe dening Murtinah kae?"

"Yen panyawangku ya luwih mutawatiri," wangsulane Bu Nardi.

"Iya, bener. Pancen luwih mutawatiri."

"Menapa inggih ta, Bulik. Rumaos kula kok mboten menapa-menapa."

"Alaah, mbok aja ndadak kumbi ta, Santo," bulike ndhesek.

Santo mikir-mikir. Blaka apa ora? Yen blaka ana rasa kurang kepenak. Awit arepa mung kabar kang isih kabur Santo kelingan yen bulike kagungan putra keponakan sing ayu merak ati.

Mengko gek paklike sekaliyan ngrembug prekara omah-omah lan ana kersane njodhokake dheweke karo putra keponakane. Nolak ora keduga, nanging yen nampa ora dadi atine. Luwih-luwih yen manut impene dheweke yakin yen Marti isih legan.

"Ijen! Sabab aku ora duwe kanca. Ana kanca siji bae njothak." Tembunge Marti ing pangimpen tetep gemontang ing batine Santo. Mula dheweke aprasetya ora bakal mikir bocah wadon liya yen kabar utawa alang-ujure Marti durung cetha. Ing bab kuwi Santo wis matur blaka-suta marang Kyai Haji Mahmud.

"Nak Santo. Aku melu nayogyani kemantepanmu lan kasetyanmu ngenteni Marti kuwi. Becike ngingsep-ingsepa kabar, saiki Marti kuwi ana ngendi. Mung welingku, aja nuruti ati susah. Susahmu dadekna laku prihatin, nenuwuna marang Pangeran, muga-muga Panjenengane ngijabahi apa sing dadi anteping tekadmu," mengkono dhawuh pangandikane Pak Haji Mahmud nalika Santo sowan sawa-tara dina kepungkur.

Dhawuhe Pak Haji Mahmud mau banget tumanem ing batine Santo. Sembayang limang wektu ora tau towong, isih nglakoni sembayang kajat ing tengah wengi banjur nenuwun kamurahaning Pangeran muga-muga bisa enggal ketemu maneh karo Marti. Bareng didhedhes Bu Nardi Santo banjur matur dora sambada.

"Pak. Sayektosipun mboten wonten ingkang kula manah kajawi sanget kapang kula dhateng bapak-ibu," wangsulane Santo ndhingklik.

"Lho, yen mung kangen bapak-ibumu wong ya cedhak, mbok ya cuti pirang dina rak bisa," Pak Nardi enggal nanggapi.

"Pancenipun mila kepengin wangsul, na-ning taun menika cuti kula sampun telas, Pak. Dados inggih kepeksa ngentosi wulan Januari ngajeng mangke."

"Mbok coba, sadurunge mulih ngaturi layang dhisik. Sapa ngerti mbokmenawa ana apa-apa. Muga-muga si ya ora," Bu Nardi paring pamrayoga.

"Inggih, Bulik."

"Ya wis kana yen arep salat mahrib," Pak Nardi nutup rembug.

Santo bali mlebu kamar. Atine rumangsa lega dene ora nganti ketrucut matur bab Marti. Enggal-enggal dheweke adus banjur sesuci. Bubar sembayang telung rakaat ora enggal-enggal menyat Bubar didhedhes Pak Nardi sekaliyan rasaning atine sangsaya njarem ang-gone kelingan Marti, mula zikire sangsaya disengkid. Bubar zikir banjur maca ayat-ayat sing diapali mesisan ngenteni wektu sembayang isya. Ambak-ambak kaya ngono pikirane sok-sok isih nglambrang mak nyut kelingan kekasihe.

"Wah, saupama sing dadi putra keponakane Bulik kuwi Marti saiba senengku. Saiba bungahku, saiba begjaku," pangudarasane Santo tekan semono.

"Njur sawijining dina dheweke tilik Bulike. Njur ..., njur ..."

Allahu akbar, Allahu akbar!

Adan wayah isya keprungu cumengkling saka Mesjid Al Barkah. Santo nyebut astagfirillah, banjur mbarengi swaraning muazin. Bubar sembayang Santo agahan nulis layang. Ature marang Pak

Nardi sekaliyan sing maune mung dora sembeda jebul malah nuwuhake gagasan sing maton. Niate mbesuk yen tekan ngomah lelakone sing sambung rapet karo Marti bakal diaturake wong tuwane. Amarga anane gagasan kuwi anggone ngarep-arep tekane sasi Januari sangsaya krasa suwe. Ya kaya ngono kuwi gegambarane wong sing lagi bingung. Gagasan wis dadi rancangan. Bareng wis nyedhaki mulih Santo merlokake sowan Pak Haji Mahmud, sing uga nayogyani banget.

"Wis samesthine yen anak nyuwun pangestu marang wong tuwa," mengkono pitungkase Pak Haji Mahmud sing dicathet ing batine Santo, sasat dadi tambahan sangu mulih.

Dina Minggu esuk Santo sida budhal num-pak bis jam pitu esuk. Rawapening katon lembak-lembak banyune coklat. Ing pinggire ana jukung dicancang ing pathok, megal-megol kasempyok banyu rawa sing tanpa kendhat tansah ora ana bosene ngobahake sabarang kalir sing ketrajang dening ombak-ombak cilik Rawapening.

"Jukung sing dicancang kae ora bakal kumawa nglawan obahing banyu. Mangka yen digagas jukung kae kuwat, dene banyu barang lemes. Dadine kaya manungsa ing tengahing panguripan utawa ing madyaning pasrawungan. Panguripan lan pasrawungan ora mawujud. Ewadene manungsane kaya aku iki, kaya jukung kang kombak-kombul. Okh, lelakon....," gagasane Santo nglangut.

Bis sing ditumpaki wis ngliwati Bawen, munggah-mudhun munggah-mudhun nuli tekan Ungaran, Banyumanik, Srandhol, udakara jam wolu tekan Setasiun Bis Semarang. Santo ganti bis



jurusan Semarang-Tegal. Bise budhal jam setengah sanga. Kira-kira jam rolas Santo wis tekan kutha kelairane.

"Kebondalem, Pak," prentahe marang tukang becak tanpa ngenyang. Ya kaya ngono kuwi pakulinane Santo yen numpak becak. Anggone mbayar dikira-kira dhewe waton luwih saka pantes.

Tekan ngomah kebeneran bapak-ibune lagi padhalenggahan ana ing ngajengan. Santo enggal-enggal sungkem. Nalika dheweke ngadeg ibune ngrangkul karo kembang-kembang.

"Santo. Awakmu kok rusak kenang apa?"

"Ora apa-apa kok, Bu. Aku lagi sinau tirakat," wangsulane sakedandhake.

"Wis jamake bocah nom kudu prihatin, Bu. Ora susah digagas banget-banget. Mbesuk yen wis rampung rak ya pulih maneh awake," Pak Dwijo ngleremake penggalihe garwane.

"Santi ana ngendi, Bu? Wiwit mau kok ora katon?" Santo nakokake adhine.

"Iki mau pamit sedhela lunga karo Sukaptinah. Jarene arep nukokake kesenenganmu."

"Adhiku siji kuwi pancen gemati karo kangmase. Hm, swargane duwe adhi wadon, ya Bu?"

"Kejaba adhimu, Sukaptinah kuwi ya mesthi melu nggemateni kowe, San."

Santo rada ora kepenakatine. Ibune disawang sawatara suwe, "Bu. Sapa ta Sukaptinah kuwi? Gajege aku durung nate kenal."

"Mengko sedhela engkas rak kenal. Sukaptinah kuwi putrane Pak Lurah Karangmoncol, lulusan

IKIP Semarang, saiki dadi guru esempe bareng-bareng lan adhimu, bocahe ayu, anteng pinter njait, pinter masak ..."

"Wah, wah, waaah. Ibumu kuwi jawane promosi, San," Pak Dwijo nrambul.

"Dianggep promosi ya ben. Pancen nyatane ya ngono, kok."

Sing dadi lesan rada kecipuhan lan rumangsa kagol dene durung matur apa-apa sing diran-cang sakawit, jebul ketanggor promosi tanpa pariwara luwih dhisik. Santo leges semu judheg.

"Bu. Awakku krasa kesel. Dak ngaso dhisik, ya."

"Halah, mosok saka Salatiga rene wae kesel. Mengko dhisik ta, ngenteni adhimu dhisik," ibune meksa lan Santo ora bisa suwala.

Ora let suwe ana becak mandheg. Santi, ganepe jeneng Santi Nugraini lan Sukaptinah mudhun saka becak. Weruh kangmase wis lungguh neng ngajengan Santi enggal mlayoni terus ngrangkul aleman. Kosokbaline Sukaptinah dadi rada kecipuhan.

"Wis suwe, Mas rawuhe?"

"Akh, durung. Kira-kira nembe seprapat jaman. Wah, kowe saiki wis dadi Bu Guru, ya? Kok ora ngabari?"

"Dijarag kok, Mas. Jenenge kejutan. O, iya. Dikenalke dhisik, iki kancaku Mbak Sukap-tinah."

"Nepangaken, kula Sukaptinah."

"Kula Santo."

"Eee, ora susah basan-basanan mundhak kurang rumaket," aloke Santi.

"Akh, Bareng dadi guru kok tambah criwis ta, Santi," kangmase wangsuli lan ketara yen Santo rada anyel.

Singketiban anyel uga krasa. Kanthi rasa rada gumun Santi mlebu ditut Sukaptinah. Santi ora ngira babar pisan yen tangkepe kangmase bakal kaya ngono. Wis lawas dientha-entha, wis lawas digantha-gantha arep dipameri widadari Karangmoncol jebul bareng ketemu sajake ora panuju. Mangka seprana-seprene saweruhe Santi, kangmase durung duwe pacangan utawa sir-siran.

Apa sing dirasakake Santi uga dirasakake ibune. Lha ya wong piyayi sepuh, sabrebetan pirsia sikep lan muna-munine Santo marang adhine mesthi bae Bu Dwijo ya krasa. Bu Dwijo ora mung cukup gumun, nanging kepara kaget lan kejut katon ana ing semuning pasuryan. Kaya langit kesaput mendhung kang ngemu banyu. Mengkono uga Pak Dwijo. Arepa ora nganti nawung bendu beteke penggalihne klebu ombor mengku pangawikan, nanging ya tetep rada kaget.

"Bocah iki sajak nyimpen wadi," mengkono panglocitane Pak Dwijo. "Sok ngonoa ibune aja nganti grusa-grusu ngrembug bab jejodhowan." Nuli ngendikane tumuju marang Santo, "San, Ya wis kana yen arep ngaso-ngaso dhisik. Ganti sandhal apa piye."

"Inggih, Pak." Santo nuli mlebu kamar.

Bareng Santo wis ora ana Pak Dwijo lagi ngendikan marang garwane. Diangkah ora nganti keprungu sing dirasani supaya ora nambahi ruweding swasana.

"Bu, Bu. Sajake anakmu lanang nggembol wewadi. Mula becik sing sareh anggone mlimpingi

rembug lan aja pisan-pisan kokpeksa mundhak ora karuwan dadine. Nganggoa tetembungan: alon-alon waton kelakon."

"Iya, Pak. Muga-muga wae tetepa bening banyune, nanging kena iwake."

"Lha, dene kok ngerti. Kok mau grusa-grusu?"

"Lah, sing ngerti bakal kaya ngono dadine ya sapa? Rumangsaku gita-gita kuwi rak ya kepengin gawe senenging anak lanang. Eee, jebul seje thukule. Kang mangka aku iki rak wis kepengin momong putu. Mula Bapak ya kudu cawe-cawe. Dadi ora mung aku thok sing maju perang."

"Bab kuwi ora perlu kuwatir. Mosok iya aku ora nyengkuyung. Mung bae mbok aja nganggo tetembungan maju perang, ta."

"Halah, wong mung kadar pepindhan bae, kok."

Wektu semana wong lima dadi telung pantha. Pak Dwijo sekaliyan tetep lenggahan ana ngajengan, dene Santi lan Sukaptinah ibut neng pawon nyawisake masakan saubarampene kanggo dhahar awan. Santo sing mau mlebu kamar. Bareng wis cucul sepatu banjur leyeh-leyeh ngeluk boyok sinambi ngetung usuk. Mripate kelop-kelop kaya lagi ndeleng film lelakone dhewe. Omah kuna jendhela rangkep kayu lan kaca mawa gorden sadedeg, kayurie menga kacane ditutup. Angin mung sumusup liwat bolongan sakdhuwur jendhela. Ironing kamar dadi sumpeg. Santo gumregah mbukak jendhela kaca. Angin seger sumribit nampek-nampek isining kamar nuwuhake rasa adhem sarta ayem. Atine Santo uga dadi tentrem bisa nalar endi sing bener endi sing luput. Kusung-kusung ing adhine ngenalake



Sukaptinah cetha ora luput. Semono uga ibune sing mau pamer ngalembana putrane Pak Lurah Karangmoncol. Kabeh mau kegawa sutresnane marang dheweke supaya enggal ana sing ngladeni sarta ambiyantu bot-repoting urip. Dene ora gelem nampa mono prekara liya. Bab kuwi bisa dirembug.

"Aku wis gawe gelane adhiku lan rengune ibu. Aku luput. Aku kleru," mangkono pangudarasane Santo. "Mbokmenawaya yen aku wismatur blaka bab kasetyanku marang Marti, ibu bisa lejar penggalihé. Sukur bage kersa ngewang-ewangi panuwunku supaya sedyaku, pepenginku, lan uga pepenginane ibu bisa enggal kasembadan."

Kanthi pikiran-pikiran kaya ngono mau Santo mak gregah tangi terus menyang ruang tengah celuk-celuk adhine sing lagi ibut neng pawon.

"Santi, Santi! Mbok aku gawekna wedang jeruk."

"Ya, sedhela," wangsulane Santi. renyah karo mbatin, "Wah, sajake Mas Santo wis ilang nesune."

Dina Senen watara jam sanga esuk Ndalem Dwijowiyatan katon sepi. Sing uwis-uwis ya tansah kaya ngono. Yen ora pinuju dina libur sing ana ndalem mung Bu Dwijo. Pak Dwijo, Santi, Sukaptinah padha nindakake kuwajibane dhewe-dhewe nyang pamulangan. Sanajan sepi nanging isih mendhing ing dina Senen wektu kuwi, awit meksa isih keprungu swara greneng-greneng beteke Santo pinuju cuti. Santo wis njlentrehake lelakone wiwit kawitan srawung karo Marti marang ibune. Titi ora ana sing kliwatan, klebu dhawuhe Pak Haji Mahmud Pamungkas uga wis diaturake kabeh.

"Apa Pak Nardi sekaliyan ya pirsia marang tekading atimu?"

"Ora, Bu."

"Genea kowe ora matur wae. Sapa ngerti Bu Nardi bisa mbantu. Awit saweruhku akeh pamiline sing ana ing Ngayoja lan Jakarta."

"Aku rada pakewuh, Bu."

"Hmm, ya uwis. Ya ta, Santo. Ibu melu memuji muga-muga anteping tekadmu bisa kasembadan. Nanging ...," Bu Dwijo ora nerusake tembungé.

"Nanging apa, Bu?" Santo ndhesek.

"Apa kowe wani mesthekake bakal bisa ke-temu Marti sajrone setaun, telung taun, apa limang taun?"

Sapandurat Santo meneng. Ibune ya kendel, sabar ngenteni wangsulane putrane. Bareng wis unjal ambekan nembe Santo matur, "Nanging aku yakin, Bu. Aku mesthi bakal ketemu Marti."

"Iyaaa, nanging kapan? Kowe kudu ngelingi, umurmu saiki wis ngancik woluliku taun. Bapak-ibu wis mundhak sepuh. Lan ibu wis kepengin memong putu."

"Lha mbok Santi kuwi, Bu. Diomah-omahake dhisik. Aku ya ora apa-apa, kok," wangsulane Santo karo nggleges.

"Akh, kowe San. Kowe karo Santi kuwi jenenge bocah kedhana-kedhini. Manut adat tatacara si adhi ora kena nglangkahi. Senajan ora kena ing tatanan adat, bapak-ibu ya ora bakal marengake Santi nglangkahi kowe."

"Njur kersane Ibu kepriye?"

"Ngelingi umurmu sing wis ngancik woluliku tahun, bab Marti kowe kudu duwe wates. Lire, yen nganti umurmu ganep telung puluh taun meksa durung ketemu karo Marti, kowe kudu ikhlas. Iklas nglalekake dheweke, lan kudu gelem mengku wanita liya."

"Iya, Bu ndherek sadhawuhe Ibu. Aku janji, nanging ... aku uga duwe panyuwun. Dakuwun kanthi banget Bapak-Ibu marengake panyuwunku."

"Kowe duwe panyuwun apa?"

"Prekara Dhik Kapti, Bu."

"Kapti? Sukaptinah? Heeh, kepriye?" thukul pengarep-arep ing penggalihé Bu Dwijo yen Santo bakal ngantepi Sukaptinah yen dheweke gagal ketemu Marti. Nanging jebul wangsulane Santo slenca.

"Sajrone rong taun iki yen ana wong sing kesdu marang Dhik Kapti mangka dheweke ya panuju, babarpisan Ibu aja ngalang-alangi. Mesakake. Prekara aku ora susah dipenggalih banget-banget. Mangsa kuranga calon yen Ibu golek."

Bu Dwijo mlenggong. Nganti suwe ora ngen-dikan. Ing batin ewuh-aya anggane arep ngiyani panjaluke putrane lanang. Awit saka rumangsane Bu Dwijo jaman saiki iki golek mantu kaya Sukaptinah kuwi ora gampang. Yen mung golek rupa ayu dhompolan. Sing angel kuwi golek bebuden rahayu. Dene sing luwih wigati maneh amarga Bu Dwijo sukukuban wis kebacut tresna marang putri Karangmoncol.

Ing jaba langite sumilak padhang sasat ora ana mega babar pisan. Mung ing sisih kulon isih

ana lamuk tipis njlirit kaya tali kapas ngadhang dedalan. Angin sumilir alon nggawa gandaning gegodhongan sarta kemuning kang nedheng anjrah ing kulon ndalem. Swasana isih tidhem. Manuk greja sing mau padha saba swarane pating cruwit saiki uga wis sepi. Kedayan saka panasing hawa kala semana. Senajan sasi Januari, sasi rendheng nanging yen pinuju panas sedina wae panase krasa sumelet, wong-wong wis padha sambatkepanasen. Ya kaya ngono kuwi padataning titah. Sedina kena ing susah sambate wis ngaruara ora eling yen wis oleh kanugrahaning Pangeran setaun lawase. Sedina anggepe kaya setaun, bareng sing setaun rumangsane mung sawatara dina. Kaya ngono gegambaraning manungsa sing kurang rasa sukure marang kanugrahaning Gusti Allah Kang Maha Asih. Yen duwe pepenginan daya-daya enggala kelakon. Yen ora kelakon ngundhamana, nanging yen wis kelakon lali marang Kang Peparang nikmat. Dene kang tansah eling, bungah-susah linakonan klawan sabar narima ing jroning kaul kalebu golonganing manungsa kang begja.

Kala semana Bu Dwijo pinaringan eling yen samobah-mosiking manungsa kuwi mung saderma nglakoni. Bungah-susah pancen pepaesing ngaurip. Mula senajan maune krasa abot anggone arep minangkani sarta nyetujoni panyuwuning anak lanang sing ginadhang-gadhang lan cinecadhang jatukrama putri Karangmoncol sing wis kinulit daging, saiki teka rila teka ikhlas. Rila marang purbaning Gusti, ikhlas nampa peparang lan pamundhute Kang Maha Kuwasa.

"Iya ta, Santo. Ibu sumarah karsaning Gusti. Muga-muga wae sing kelakon sarwa becik dadine."



Tanpa kumecap Santo ngrungkebi pangkone ibune. Atine sing maune kemrungsung dadakan mak cles krasa adhem. Gunung kabagyan kaya-kaya wis rinegem ing tangane lumantar panges-tuningbiyung. Luh kang mrantandhani gedhening rasa sukur marang Pangeran sarta panuwun marang biyung crocosan ora kena dipenggak wetune. Santo sing wik ngancik umur wolulikul taun kaya-kaya bali dadi bocah kang aleman, sirahe ndlusup ing pangkoning biyung. Semono uga Bu Dwijo ketang sumarahe marang Pangeran, ketang tresnane marang putra kang lagi nandhang rudatin saka eloking lelakone, astane banjur ngelus-elus sirahe Santo karo kembang-kembang angemuluh.

Srengenge wis wiwit gumlewang mengulon. Sabagean sorote mlebu kamar nuwuhake klowongan-klowongan cahya miring, mratandhani yen wektu semana wis ndungkap jam setengah loro awan. Ora let suwe keprungu lawang tengah dibukak banjur ditutup maneh, disusul swara bening cumengkling.

"Bu, Bu, Mas. Mas Santo! Akh, padha neng ngendi ta iki?"

Sukaptinah mlebu kamar, dene Santi bablas menyang pawon nggoleki ibune lan kangmase. Bareng ing pawon ketemu suwung Santi bali mlebu ruang tengah nuli mbukak lawang kamar kulon. Mak jejagig, dheweke kaget weruh kahanan sajroning kamar. Ibune nyasmitani supaya Santi nutup lawang. Sing disasmitani tanggap, lawang ditutup alon-alon. Santi nuli lungguh ing mburine kangmase sing nalika semana wis tangi karo ngusapi luhe. Santi lungguh jinem. Ing atine kebak pitakon nanging ora kewetu. Sedhela nglirik

kangmase, sedhela nyawang ibune. Saiki genten ibune sing tanggap ing semu.

"Mengko kowe bakal ngerti. Kangmasmu wis nglenggana, ibu dhewe ya wis lega. Saiki tataa dhahar. Bapak rak meh rawuh."

Santi manthuk nuli metu. Sajrone tata dhahar pikirane Santi ora bisa uwal saka ibu lan kangmase sing isih ana ing kamar kulon. Ana bab-bab sing manut pangrasane Santi sajak nyalawadi. Ketara yen kangmase nangis, lan ibune kaca-kaca.

"Kangmasmu wis nglenggana ibu dhewe ya wis lega. Njur apa kersane ibu ngendika kaya ngono mau?" Santi mbaleni pangandikane ibune lan tuwuh pitakon ing batine.

"Aku kudu nyuwun pirsane ibu," ngono batine Santi, "akh, nanging mbesuk bae yen Mas Santo wis mulih menyang Salatiga."

Sing dipenggalih Pak Dwijo sejemaneh. Bareng wis dicritane garwane tharik-tharik bab lelakone Santo ing batos Pak Dwijo melu nyengkuyung tekade Santo. Nanging ana saprekarane sing isih dadi penggalihan, lan bab kuwi banjur dirembug karo garwane. Apawadan resik-resik kebonan nggungingi perkembangan Pak Dwijo sengadi ngaso, lenggah ana ing bangku kebon mburi. Bu Dwijo sing pirsane ing semu banjur nusul menyang kebonan, lenggah njejeri kakunge.

"Sayah, Pak?" pitakone Bu Dwijo mbukani rembug.

"Akh, ora," wangsulane Pak Dwijo karo mesem, "bocah-bocah padha ana ngendi?"

"Kae, padha jagongan ana ngajengan."

"Bu. Ing batin aku ngalem marang anakmu Santo olehe ngantepi kasetyane. Nanging ana

saprekara sing aku rada sumelang, mbuh yen kowe."

"Apa ta, Pak sing disumelangake kuwi?"

"Kuwi, lho. Jarene sing jeneng Sumarti kuwi putra bupati. Lha mangka awake dhewe ki rak mung sak guru. Guru bae guru esde. Rak ya sasat bumi langitta Bu, yen awake dhewe besanan karo bupati. Pancen bener, jarene para kyai kae jodho, pati lan rejeki kuwi ana astane Pangeran. Yen dhasare Santo pinasthi dadi jodhone Marti mesthi ora bisa diselaki. Sing aku rada kuwatir kuwi rak yen mengkone Santo dinyek bojone."

"Lah mbok ya wis ta, Pak. Aja dipenggalih banget-banget mundhak panjenengan malah gerah. Pasrahna bae marang adile sing Kuwasa. Awake dhewe mung kari memuji, muga-muga Santo oleh jodho sing gemati, bisa gendhonrukon nganti kaken-kaken ninen-ninen. Ora kurang-kurang bocah wadon anake wong pangkat cilik, bareng oleh bojo sing pangkate wis methingkrik banjur malik, menyang sedulur cerik-cerik, kenal karo andhahane suthik."

"Ya, ya, ya, ya. Senajan asale dhuwur, anggere ora takabur, gemati marang sedulur, wong tuwane ora dianggep batur, kita kudu muji sukur. Rak ya ngono ta, Bu?" wangsulane Pak Dwijo karo nggugeng gembira.

"Waaah, Bapak ki mesthi ora gelem kalah," Bu Dwijo nyablek.

"Dudu menang-menangan, Bu. Kuwi jenenge politik keseimbangan lan persesuaian sing bisa mikukuhi persatuan lan kesatuan tumraping wong jejodhoan."

"Wis, akh. Aja dibacut-bacutake mundhak digeguyu bocah-bocah."



Babaring Wewadi

Yen cara padhalangan kae mbokmanawa bakal dijanjur dening Ki Dhalang mangkene: Wau, ta. Sinigeg genti kocapa Pak Dwijo sekaliyan ingkang lagya karenan ing penggalih dennya sami gegojegan ing pakebonan. Ing mangke gentos kang winursiteng kawir, seje papane nanging padha wektune, tur maksih wonten gegayutaning kandha, tan liyan ing negari Salatiga ..., lan sapiturute.

Pak Nardi lagi lenggah ana teras, ngisis karo maos koran. Ora let suwe Bu Nardi nututi lenggah njejeri. Pak Nardi rada kaget marga Bu Nardi unjal napas.

"Ana apa, Bu. Kok unjal napas?"

"Ora apa-apa. Mung rasane kok sepi bareng Nak Santo lunga."

"Witikna bocah arep mulih neng wong tuwane apa ya dicegah?"

"Ora, Pak. Nak Santo kae kira-kira umure wis pira?"

"Saelingku Mas Dwijo tamat esgea tahun 1951, langsung krama. Let setaun Santo lair. Dadi

saiki kira-kira ya pas wolulikur taun. Ana apa ta, Bu? Kok ngetung umur barang?"

"Wolulikur taun kok durung omah-omah," Bu Nardi nggresah.

"Lha tinimbang omah-omah oleh bocah bubrah kaya Murtinah rak malah mesakake. Isih muji sukur dene Santo diparingi eling."

"Seje rembug, Pak. Tlapukanku sing kiwa kok wiwit wingi ndrindhil wae keduten. Lan maneh wiwit awan nganti sore manuk prenjak kok ya ngganter. Arep ana tamu sapa ya, kira-kira."

"Jarene wong-wong kae yen tlapukan kiwa keduten arep ketemu wong sing ditresnani. Rehning prenjake ngganter, mesthine ya arep ana tamu wong sing ditresnani. Lha, sapa? Ya embuh ora weruh?"

Sasat nginanga durung abang idua durung asat, dumadakan ana andhong mandheg. Sing numpaki genah putri, nanging ijen. Bu Nardi lan Pak Nardi jemeneng maspadakake sapa sing mudhun saka andhong nyangking koper cilik. Kaya ngapa bungahe Pak Nardi sekalayan, luwih-luwih Bu Nardi bareng pirsya yen sing nembe teka jebul putra keponakane sing wis ana telung taunan ora tilik. Bu Nardi enggal mlayoni.

"O alaaah, kok jebul kowe ta, Ndhuk. Saka Magelang mau jam pira? Bapak-ibumu rak ya padha sugeng, ta?" Bu Nardi ngekep-ngekep ngarasi pipi lan bathuke sing nembe teka.

"Saka ngomah mau jam siji, Bulik. Bapak-ibu ya padha sugeng. Pak Nardi rak inggih kasugengan ta, Pak?"

"Iya, saka pandongamu, slamet. Kok suwe ora tilik mrene ta, Rien?"

"Kula samenika wonten Jakarta, Pak."

"Wiwit kapan? Kok ora kabar-kabar?"

"Sampun tigang taunan. Wonten Jakarta tansah repot, Pak."

"Hayo, padha mlebu dhisik. Mengko nggone kangenan dibacutake neng kana," panguwuhe Pak Nardi. Wong telu bebarengan mlebu. Bu Nardi isih tetep ngrangkul bangkekane Rien, Pak Nardi ngiringake.

"Neng Jakarta isih kuliah apa wis nyambut gawe, Rien," Pak Nardi ndangu bareng wis padha lenggah ana ing ruang tengah.

"Samenika sampun glidhig wonten IKIP Rawamangun."

Swasana dadakan owah. Sing maune sepi dadi regeng. Kaya-kaya tuwuhan lan perkembangan sing alum nuli seger, kawimbuhan ocehing manuk sing arep padha mulih marang susuhe dhewe-dhewe pating cruit pating cruet, sajake manembrama marang putri sing nembe teka. Bareng wis ndhawuhi abdine supaya gawe unjukan sarta ngresiki lan nata kamar sisih kulon Bu Nardi bali lenggah.

"Rien. Mengko kowe bubuk kamar kulon," ngendikane Bu Nardi karo mapan lenggah.

"Akh emoh, Bulik. Aku seneng kamar wetan. Yen esuk kena soroting srengenge."

"Aja. Kamar wetan wis ana sing mbaureksa," Pak Nardi nimbrung.

"Sinten Pak. Ingkang mbaureksa? Kok nggilani kaya dhanyang."

"Dhanyange isih ponakane Paklikmu."

"Lanang apa wadon, Bulik?"

"Dhanyang lanang tur njenggureng, nanging ora medeni."

"Ora medeni, nanging malah sok mbilaeni," Pak Nardi nimbrung maneh.

"Ya wis, akh. Luwung ora cedhak-cedhak yen mbilaeni."

Gerr, guyune wong telu pecah.

Embuh apa sababe Rini teka kepengin ngerti luwih akeh bab keponakane Pak Nardi, nanging arep ngoyak tetakon pakewuh. Dadi disigeg dhisik tekan semono karepe ngenteni kalodhangan becik arep takon Bulike. Mesthi bae kalodhangan becik sing dienteni gampang tekane, yakuwi esuke bareng Pak Nardi tindak kantor.

"Bulik, Bulik. Keponakane Pak Nardi kuwi saka ngendi?"

"Ya saka Pemalang, wong Pakmu Nardi kuwi asline Pemalang."

"Pemalang?" Rini sangsaya gedhe kawigatene.

"Iya, Pemalang. Kenang apa ta, Rien. Kok kowe ndhedhes-ndhedhes?"

"Ora apa-apa. Biyen dhek aku isih kuliah ana ing Gajah Mada ana sawatara kancaku bocah Pemalang"

"Ooo, ngono ta."

"Jenenge sapa, Bulik?"

"Santo. Santo Nugroho."

"Sarjana Hukum?"

"Iya. Sarjana Hukum."

"Apa nggone ndherek neng kene wis suwe, Bulik?"

"Ya wis sawatara suwe. Wiwit rampung kuliah ditampa dadi pegawai Kotamadya, lan sawise siji setengah taunan diangkat dadi Kepala Bagian Hubungan Masyarakat. Nembe wae mau esuk mulih menyang Pemalang, awit jarene wis kangen banget karo ibune. Yen ora kleru cuti limang dina."

Rini manthuk-manthuk. Anggone nlesihake ora ngetarani. Wis akeh empere yen Santo Nugroho sing ndherek Bulike ora mung nung-gal jeneng, nanging Santo Nugroho sing nate natoni atine, lan nate ditatoni atine nalika ana Ngayogyakarta biyen, gara-gara geguritan Gumuk Watu. Ewa semono Rini isih kepengin ngerti luwih tlesih marang kahanane Santo. Mula pitakon-pitakone isih dibacutake.

"Bulik. Apa dheweke kerep mulih menyang Pemalang?"

"Kok ora, Rien. Setaun sepisan, kuwi wae ora pati suwe. Ya kaya saiki iki, suwe-suwene mung limang dina. Apa maneh saiki, dheweke lagi seneng-senenge utawa mumpeng-mumpenge sinau agama. Asmane gurune Pak Haji Mahmud Pamungkas."

"Siji maneh Bulik pitakonku kanggo ngyakinke apa bener Santo Nugroho kuwi kancaku biyen ana ing Gajah Mada."

"Takon kok tharik-tharik nganti kaya polisi penyelidik. Apa sing wis dakritakake mau isih kurang?"

"Isih, Bulik."

"Wis gage takon apa maneh?"

"Yen bener dheweke kancaku, dedeg piadege gedhe dhuwur."

"Mbok diuwuhi gagah, ngono. Kok sajak isin arep ngarani gagah."

"Akh Buliik. Ya wis daktambahi, gagah gedhe dhuwur."

"Lha, rak ngono. Suwe-suwe bulik kok rada curiga," Bu Nardi nglirik.

"Tenan kok Bulik. Aku mung takon wan-tah."

"Gagah gedhe dhuwur, bener! Nalika tekane biyen rong taunan kepungkur. Saiki wis ora pati gedhe marga kuru."

"Kuru, Bulik? Apa dheweke lara?" Rini takon ngeget, awit pancen ya kaget banget krungu Santo dadi kuru.

Bu Nardi waspada ing semu. Kagete Rini cetha yen kaget semu kuwatir. Yen mung kanca lumrah arepa kaget mesthine ora nganggo pucet barang. Ketara banget pucete nganti sapandurat. Bu Nardi ethok-ethok mengo supaya Rini rumangsa oleh kalodhangan nutupi kagete. Tuwuh gagasane Bu Nardi kepengin ngertos luwih tlesih wewadi kang sumimpen ing telenging atine Rini gegayutane karo Santo, mula Bu Nardi banjur nata penggalih.

"Yen nyawang lan ngrasakake kahanane Santo, Bulik jaan banget welase. Coba gambarna, Rien. Dheweke kuwi nate diguna-gunani wong nganti kaya ngana kahanane. Yen kowe weruh mesthi mesakake."

Critane Bu Nardi tekan kono Rini ndhingkluk, nanging Bu Nardi tetep ethok-ethok ora maspadakake malah terus mbacutake critane, "Begja dene sajake Santo kuwi duwe kekuwatan

batin. Nyatane sanajan digawe wuyung dening sing ngguna-nggunani dheweke tetep kukuh ora gelem marani. Lan luwih begja maneh dene enggal ketulungan Pak Haji Mahmud Pamungkas. Bebasan tamba teka lara lunga, bengi disranani esuk wis mari."

Rini unjal napas, "Kok bisa ngono ya, Bulik? Nanging rada aneh. Wong wis mari kok njur dadi kuru?" Rini kaya takon marang awake dhewe.

"Anggone kuru kuwi critane seje maneh. Pangirane bulik maune mung saking kasengseme marang agama anggone meguru Pak Haji. Dakgatekake Santo dadi sregep sembayang, malah sembayang bengi barang. Jarene salat hajat lan tahajud. Sasat ndina-ndina yen pinuju ana ngomah gawene ngerem ana kamar, ngadhep buku nyekel pulpen ... nulis. Ora ana maneh kajaba nulis. Embuh sing ditulis apa, bulik ora ngertos. Sok-sok nggone tangi kerinan. Lan yen wis kerinan, arang-arang gelem sarapan. Sajake malah kaya dijarag. Ya amarga saka kuwi awake selot kuru. Bulik lan Pakmu Nardi sok mireng dheweke nglindur."

"Nglindur?" Rini sumela takon klawan ati dheg-dhegan.

"Iya, nglindur. Bulik dadi penasaran lan kepengin nilingake apa sing diiindurake."

"Terus piye, Bulik?"

"Sawijining bengi aku lan Pakmu kene mireng dheweke nglindur warna-warna nanging ora pati cetha. Mung sebagian sing rada premana pangrunguku. Adhedhasar panglindure sing rada cetha, aku lan Pakmu kene duwe panyakrabawa yen dheweke nate gawe serik atine bocah wadon, lan dheweke kepengin njaluk pangapura."

"Waaah, critane tambah gayeng, Bulik. Kepriye ta nglindure kuwi?"

"Ngene: Maar, aku njaluk pangapuramu. Aku ora suthik aku mung wedi," ngono kuwi. "Sabanjure dheweke dakdhedhes-dhedhes, nanging tetep kumbi ora gelem ngaku. Mbokmenawa saking bingunge dheweke banjur dora sembada. Ngakune amarga banget kangene karo ibune. Mula njur cuti wingi kuwi. Suk saulihe saka Pemalang bulik arep niteni, yen perlu arep dak ancam supaya gelem ngaku."

"Diancam?" pitakone Rini kaget.

"Iya. Yen dheweke ora gelem ngaku ateges ngremhake paklike lan bulik. Santo bakal dakusir saka kene, dakkon golek pondhokan liya!"

"Aja Bulik! Aja brol tangise Rini wis ora bisa dibendung maneh. Sirahé ungkeb-ungkeb meja karo sesenggrukan. Sakehing rasa sedhih sing ditahan-tahan seprana-seprene dhadhal bendungane ambrol dadi banjir bandhang ngelebi penggalihe bulike.

Ces, cumemplong penggalihe Bu Nardi bareng ngertos yen bocah wadon sing tansah diimpi-impi keponakane lanang saka Pemalang ora liya jebul keponakane wadon saka Magelang. Saka ruang tengah Rini dikanthi mlebu kamar. Wong loro rereyongan amarga tangise Rini durung mendha malah kepara saya ndadi. Ewa semono isih ana pitakonan tumrape Bu Nardi, "Geneya nglindure Santo kok Mar? Kok ora Rien?"

Pitakon mau sawatara isih kudu disimpen ngenteni salejare Rini, lan bakal dirembug dhisik karo Pak Nardi. Rini ditinggal ijen ana ing kamar diijor tangise sakatoge. Adate wong nangis mono



yen durung katog isih neseki dhadha. Mangka tangise Rini kuwi empet-empetan sajrone telung taun, layak ora entek-entek nganti Bu Nardi wis ora sabar ngenteni tuntase. Bu Nardi bali mlebu kamar ngguyoni Rini.

"Wis ta, Rien. Aja dibacut-bacutake sedihmu. Ora-orane bulik tegel ngusir Masmu San-to."

"Aku yakin Bulik ora bakal ngusir Santo. Nanging dudu kuwi sing marakake aku sedhih."

"Lha njur apa maneh? Suk dina Kemis Nak Santo rak wis teka."

"Aku isin karo dheweke. Kenang apa kok aku dadi wong cugetan."

"Nesu-nesunan mono lumrah, Rien. Anggere wis padha apura-ingapura harak wis ram-pung. Sakarone kudu padha nrimane, lan kudu padha lejare. Kana ya wis ngrumangsani luput, kowe ya wis ngaku yen kleru."

"Yen Santo nganti kebacut lara, ateges aku wis gawe dosa, Bulik."

"Kowe ki ya lucu, Rien. Pancen larane Nak Santo marga saka kowe. Nanging usadane ya mung kowe. Kuwi jenenge impas utawa bakbuk."

"Bulik ki, enak wae. Sapa sing gelem dijak impas-impasan. Yen kana gelem, aku sin emoh! Awit sing biyen-biyene miwiti gaw anyel dudu aku. Yen dipetung tenan utange Santo luwih akeh, dadi nyaure kudu sumbut karo utange."

"Ndhuk cah ayu. Wis ditebus nganggo lara| prihatin apa ya isih kurang? Coba pikiren sinj| wening. Ana wong nganti nglindur-nglindu barang kok meksa isih dipitambuhi. Pakarti kaya ngono kuwi jenenge kejem!"

Nyenggol bab nglindur mak nyut Bu Nardi dadi kelingan pitakone sing mau durung kawedhar. Yen wewadi kuwi durung kawiyak, salah-salah bisa dadi balungri ing tembe mburi.

"Rien. Saiki genten bulik arep takon. Geneya nglindure Nak Santo kok nyebut-nyebut Mar? Kok ora Rien utawa Rini?"

Krungu pandangan kaya ngono saka bulike, Rini dadi bisa ngguyu nganti kepingkel-pingkel. Pandangune bulike dianggep lucu. Lucu, awit ingatase tresna-tinresnan kok nganti lali jenenge. Rini uga bisa ngira-ira yen bulike kuwatir menawa nganti ana seling-surup.

"Bulik. Jawane kuwatir yen nganti kleru, ta?" pitakone Rini isih karo ngguyu.

"Pancen bulik kuwatir. Awit yen nganti kleru rak ambebarang wirang ta, Rien? Mula luwih becik dititi tenan sadurunge kebacut."

"Mosok Bulik ora ngertos ganepe jenengku. Sumarti Suryarini. Suryarini rak tambahan kanggo pangeling-eling yen aku putrane Pak Suryadi, lan keponakane Bulik Suryati. Saiki dakaturi pirsa. Santo kuwi yen nyeluk aku ora Rien kaya Bulik, nanging Marti utawa Mar."

"Ya, ya. Aku wis dhong tenan saiki."

Sawatara suwene wong loro meneng-menengan. Sakarone lagi keli marang gagasane dhewe-dhewe. Bu Nardi keli kegawa rantamaning penggalihe anggone bakal nempukake Rini lan Santo. Tumrape Bu Nardi kaya-kaya lelakon sing ruwed antarane Santo lan Rini wis meh purna. Wis meh rampung klawan apik. Mula ora maido yen Bu Nardi mesem-mesem kalegan. Loro-lorone putra keponakan. Siji saka kangmase cer, sijine saka kangmas ipe. Gampang anggonenggathukake.

Beda maneh rantamane Rien utawa Marti. Dheweke puguh durung gelem ketemu Santo. Marti tetep kelingan bibit-kawiting gendra amarga saka geguritan Gumuk Watu riptane Santo. Yen ora ana geguritan kuwi Marti ora perlu susah-susah pindhah menyang Jakarta barang. Giliging pikire Marti geguritan arep diwales nganggo geguritan.

Cengkelak Marti njupuk notes lan ballpoint, njururek-urek nulis ukara-ukara cendhak nanging mentes lan nandhes. Sawise ram-Pung banjur diaturake bulike.

"Bulik. Coba diwaos."

Bu Nardi maos tulisane Rien nganti tamat. Dhasar ya mung sethithik, diwaos sedhela wae wis rampung.

"Kanggo apa iki, Rien?"

Rini alias Marti nuli nyritakake mula bukane pepisahan karo Santo telung taun kepungkur. Geguritane Santo sing nuwuhake gendra uga diucapake ganep ora ana sing kliwatan. Mesthi wae Marti apal, amarga guntingan geguritan kuwi tetep sumelip ing tase, lan uga sumlempit ing atine. Salawase urip tansah cumandhi ing kekulunging batine. Geguritan kang endah, sinartan impen-impen kang endah, nanging uga nuwuhake lelakon perih tumrap Santo lan Marti.

"Geguritanku iki bakal dakirim bebarengan lan geguritane."

"Perlune?" panyelane Bu Nardi.

"Minangka kabarkeslametan, dadi pangaremarem, lan sing pungkasan minangkai sarana pandadaran."

Bu Nardi manthuk-manthuk, Rini mbacuti ake katrangane, "Kabar slamet wis cethal supaya Santo ngerti yen aku isih urip. Lan anggonku gelem ngabari muga-muga kena kanggo pangarem-arem sawatara supaya suda prihatine. Lha, sing pungkasan kuwi sing abot dhewe. Niatku pancen arep ndadar kasetyan lan kejujurane. Kasetyan marang aku, dene kejujuran marang Bulik sekaliyan. Lire dheweke gelem blaka apa ora. Mula saka kuwi aku duwe panyuwun marang Bulik sekaliyan. Dak suwun kanthi banget Bulik sekaliyan kersa, minangkani panyuwunku."

"Kowe kok neka-neka ta, Rien," Bu Nardi rada ora nayogyani niate Rini, ketang welase marang Santo. "Aku kuwatir yen tuwuh salah tanpa."

"Ora neka-neka, Bulik. Saka pangrasaku pancen durung wancine aku ketemu dheweke. Mula suk Kemis esuk aku nyuwun pamit. Dak suwun, Bulik aja wara-wara dhisik yen aku ntes sowan rene. Sawatara kersaa nyidhem nganti dheweke gelem mbukak warana kekelire anggone laku prihatin."

Ruwed penggalihe Bu Nardi midhanget ature Rini. Mula nganti sawatara suwe orang paring wangsulan. Yen manut penggalihe Bu Nardi Gusti Allah wis mungup-mungup anggone bakal paring, pitulung marang titah sing seprana-seprene nandhang prihatin. Telung taun ora ketemu, Santo prihatin nganti kuru. Eee, ujug-ujug kaya diosikake dening Pangeran Rini teka, mbokmanawa kadayan dening prihatine Santo. Jebul saiki ora gelem ngenteni. Barang gampang dingel-ngel. Mangka lumrahe wong sing angel dipikir murih gampang, sing ruwed diudhari murih lancare.

Maknyut Bu Nardi kelingan jamane isih sinau ana ing Sekolah Guru puluhan taun kepungkur ing Magelang, duwe guru basa Jawa asmane Pak Martasuwignya remen tembang Dhandhanggula. Mulane kerep bae Pak Martasuwignya maringi pethikan tembang saka serat-serat karyane para pujangga. Sing diremeni banget pethikan saka Serat Rama Yasadipuran pupuh limalas pada patang puluh. Bu Nardi alias Suryati kala semana tau didhawuhi nembangake. Seprene Bu Nardi isih apal cakepane mangkene: *Kuneng lingnya Ramandayapati, angandika Sri Rama wijaya, hen bebakal sira kiye, gampang kalawan ewuh, apan ana ingkang akardi, yen wania ing gampang, wedia ing kewuh, sabarang nora tumeka, yen antepen gampang ewuh dadi siji, ing purwa nora ana.*

"Mbok manawa pancen kudu kaya ngono lakune. Muga-muga wae dadia panebusing kabagyan ing tembe mburi," Bu Nardi ngunandika.

"Priye, Bulik?" Rini takon semu gumun.

"Iya, iya. Sawatara rujak sentul ora dadi apa."

"Apa kuwi rujak sentul, Bulik?"

"Witikna, Santo ngalor kowe ngidul. Nanging mbesuk ketemu neng ...," Bu Nardi ora mbacutake.

"Neng ngendi, Bulik?"

"Hmmm, neng tempat tidur!"

Rini nyableki bulike.

Suryarini Surya Adadari

Nalika bis sing ditumpaki njerit munggah saka kreteg Tuntang ninggal datah Salatiga atine Sumarti Suryarini kaya-kaya uga melu njerit. Sejatine dheweke ya notol pepenginane kepethuk Santo, nanging tekade wis gilig Santo kudu diwelehake, Santo kudu didadar luwih dhisik, lan Santo kudu jujur karo bulike sekaliyan, Santo kudu jujur marang batine dhewe, lan kejujurane kudu dibuktekake dhisik. Angin adhem sing sumiyut liwat jen-dhela ora direwes. Rambute madhul-madhul diobrak-abrik angin ya ora direwes. Sapa kancane lungguh ing sandhinge ya ora direwes. Sing kegagas mung kepriye kira-kira babaring lelakone karo Santo, lan kepriye kira-kira mengko rasaning atine Santo yen nampa geguritane. Geguritan sing diwenahi irah-irahan Suthik.

Tekan Stanplat Bis Magelang kira-kira jam sewelas. Sepandurat Marti nyawang Gunung Tidar, gunung cilik ing kutha kalairane. Wis sawatara suwe Gunung Tidar sasat gundhul. Nanging wektu kuwi wit-wit pinus wis ditandur kupeng, malah ana sing wis trubus. Godhonge ijo



semu kuning, akeh ijone tinimbang kuninge kaya warna bahan rok favorite Marti.

Nyut, Marti balikelingan nalika ninggal Santo ing ruang tamu telung taun kepungkur. Kala semana Marti nganggo rok, bandhu sarta gelang sarwo ijo pupus. Tembung pupus bisa ateges putus utawa pedhot. Lelakon pedhoting sesambungan, pedhoting pasrawungan dudu pedhoting katresnan. Katresnan pancen wis semi ing atine Marti, lan semen mau malah sangsaya ngrembaka bareng dheweke pindhah saka Ngayogyakarta menyang Jakarta. Marti kanthi jujur ngakoni yen sawise pindhah Jakarta dheweke ora bisa lali marang Santo. Saben-saben yen pinuju ijen ana ing kamar guntingan Kalawarti Penyebar Semangat sing sumlempit ing njero tase dijupuk, diwaca. Malah yen atine banget tumlawunge marang sing nulis geguritan Gumuk Watu, tanpa rinasa luhe carocosan nelesi pipine kang alus mrusuh rinengga andheng-andheng saktemlik.

Embuh kadayan dening kekuwatan apa teka Marti duwe keyakinan kang teguh yen Santo iya bakal tetep nresnani dheweke. Marti ing Jakarta beda banget karo Marti ing Ngayogyakarta biyen. Biyen bola-bali gantike kasih nganti oleh sesebutan piala bergilir saka Santo. Santo dhewe pancen ora ngira yen anggone Marti gonta-ganti kekasih sejatine mung kepengin gawe kemropoke Santo. Sing digawe kemropok mung ethok-ethok keplok ora tombok, marakake Marti tambah anyel dene sing tansah digagas sajak ora tau nggagas. Nanging ana gumune Marti marang Santo, dene kancane siji sing sejatine dadi woding atine kok ora tau srawung raket karo kenya liya.

Ing telenging atine Marti tansah ana geter alus yen pinuju sawang-sinawang karo Santo. Geter alus, nikmat, krasa endah lan nengsemake kang saben-saben kepengin dibaleni. Ing batin Marti sok tuwuh pitakon: apa ing atine Santo ya ana geter sing kaya ngene? Pitakon-pitakon kaya ngono kuwi jaman Marti isih ana ing Ngayogyakarta bola-bali mencungul nggodha atine. Nanging bareng dheweke pindhah Jakarta malah ilang bebarengan klawan owah-owahaning uripe. Marti wis ora tau takon bab geter mau awit yen dheweke takon malah getering atine sangsaya banter. Jantunge dheg-dhegan, lan kaya-kaya Santo ana ing ngarepe, mandeng kebak rasa asih. Iya amarga anane rasa kang kaya ngono kuwi Marti yakin yen ora ana priya liya kang duwe katresnan tulus marang dheweke kajaba Santo. Iya amarga anane rasa kang agung mau Marti prasetya ora bakal nresnani priya liya kajaba Santo. Luwih-luwih bareng Marti krungu wedharan agama bab jodho, pati lan rejeki.

Marti bali nyawang Gunung Tidar nuli mesem. Gunung Tidar nuwuhake ilham. Pupus-pupus pinus wiwit ngrembaka. Pasrawungan sing pupus malah ndayani mekar ngrembakaning rasa sihtresna tanpa sambekala apa-apa. Marti muji sukur marang Pangeran kang wis paring pangayoman marang kekasihhe. Sumarti Suryarini lagi ngenteni surya ndadari, lumantar pandadaran awujud geguritan. Nanging ing batin Sumarti tansah anganti-anti....

Sing dianti-anti kala semana isih ana ing Pemalang lagi tata-tata arep budhal mulih menyang Salatiga. Santo singsot-singsot lagu Yen

Ing Tawang Ana Lintang sing kondhang lumantar swarane Waljinah. Krungu kangmase singsot-singsotlagu kuwi Santi mesem-mesem marani.

"Sing dienteni sapa ta, Mas Santo? Wong, wis cumepek kok ndadak dienteni," Santi bisik-bisik.

"Hus, cah cilik ngerti apa," Santo mangsuli karo mentheleng.

"Hiii, ngono bae nesu."

"Mengko bae yen aku wis budhal, nyuwuna pirsu Ibu."

Bareng wis rampung olehe tata-tata Santo metu saka kamar nyangking tase, nuli lungguh ing ruang tengah. Pak Dwijo sekaliyan sing uga isih lenggah ing ruang tengah rada kaget pirsu Santo wis tata-tata.

"Kok mruput ta, San? Arep mangkat jam pira?" pandangune.

"Supados dumugi mrika taksih radi siang, Pak. Kaliyan badhe mampir dhateng Pekalongan pados bathik kagem Bulik Nardi."

"Ooo, ngono ta?"

"Inggih."

"Ya wis. Salamku bae aturna paklik sekaliyan."

"Aku ya titip salam," ibune nambahi. "Ya, Bu."

Bareng wis pamit karo wong saomah Santo budhal. Arep diterke Santi sing kapinujon dina iku ora mulang ora gelem. Sidane Pak Dwijo sekaliyan, Santi lan Sukaptinah mung nguntapake tekan regol. Santo mlaku sakepenake ngukur separo dawane dalan Kebondalem nganti tekan dalam gedhe. Atine rumangsa lega dene bapak-ibune padha dhangon penggalihe sarta nayogyani

marang lekase ngantepi Marti, ingatase durung tau pirsaya kaya ngapa wewujudan lan wewatekane. Cara padhalangane kena ingaranan: amung kayungyun poyaning kautaman.

"Muga-muga bae jeng Sukaptinah kae enggal entuk jatukrama," Santo ngudarasa dhewe.

"Becak, Mas? Mangga tindak pundi?" dluke tukang becak sing nggrombol neng pinggir dalam gedhe.

"Ngadhang bis ngetan," wangsulane Santo.

"O, inggih mangga kula dherekaken," becak sing pinggir dhewe maju.

Becak wiwit kleser-kleser ngalor. Tekan pratelon lampu abang-ijo menggok ngulon ngliwati alun-alun. Wis tanpa wilangan Santo ngliwati dalan pinggir alun-alun kuwi, nanging nembe sepisan iki dheweke ngrasakake kahanan utawa swasana sing beda karo adat sabene. Pendhapa lan menara Mesjid Kutha Pemalang narik kawigatene. Mesjid kuwi katon endah lan tentrem mrabawani.

"Assalamu alaikum ya Darussalam," swara batine Santo atur salam marang mesjid kang platarane kerep kanggo dolan nalika cilike.

Becak bablas ngulon maneh nganti ngliwati ril sepur. Becake rada gronjalan sedhela amarga bane ngliindhes ril sepur. Awake Santo ya montang-manting, nanging ya mung sedhela.

"Badhe ngentosi wonten pundi?" pitakone tukang becak.

"Ngriki nika, ngisor wit sing edhum."

Ora let suwe bis Coyo Tegal-Pekalongan liwat. Tanpa diendheg bis mandhek neng ngarepe. Santo

munggah karo clingak-clinguk golek kursi sing isih kosong. Iku oleh panggonan ing sisih tengen. Jebul lagi bae arep mapan lungguh bangkekane dicablek wong. Santo noleh sing nyablek.

"Lho, kowe Har. Saka ngendi," aloke Santo kaget campur bungah awit sing nyablek mau jebul Hartadi.

"Entes sowan bapak nyang Brebes. Kowe saka Kebondalem?"

"Iya, yen ngono padha-padha. Priye, Pakdhe-Budhe sugeng?"

"Iya padha sugeng. Paklik-Bulik rakya sugeng ta?"

"Sugeng. Saiki kowe neng ngendi, Har. Wis pira anakmu?"

"Kok takon anak barang. Kawin bae durung. Aku saiki neng Pekalongan dadi guru esema. Kira-kira wis meh rong taun."

"Lha yen dadi guru rak mesthi ana muride sing ayu ta, Har. Harak kari milih endi sing panuju ing atimu."

"Panuju, panuju. Kari milih. Milih si gampang, nembunge kuwi sing ora kewetu. Kowe dhewe kepriye? Wis duwe anak apa durung?"

"Kangmasku bae durung kawin. Yen aku? ndhisiki rak kuwalat mengko," Santo meneng sedhela. Ing batin kaya ana sing kumlebat Nyut, dheweke kelingan Sukaptinah sing digadhang-gadhang wong tuwane arep dipek mantu. Santo seneng banget dene ana kalo dhang njo dhokake Hartadi karo Sukaptinah. "Muga-muga bae bocah loro kuwi tinakdir jodho," batine Santo.

"Har. Kowe kuwi ya isih wedi nyedhaki cah wedok, ta? Yen pancen ngono aku isih tetep gelem mbantu kowe. Malah yen kowe manut aku, sepisan iki mesthi ora bakal madal sumbi. Prekara bocahe, kowe ora perlu kuwatir. Anggere kowe mantep mesthi kasembadan. Nanging kowe kudu sowan menyang Kebondalem. Priye?"

"Kowe aja ngrusak adhimu, San. Aku ngerti yen dhik Santi wis duwe pacangan. Jarene malah Insinyur Pertanian, lan saiki dadi Kepala Dinas ana Pemalang. Aku ora nolak, nanging aku emoh," wangsulane Hartadi nandhes.

"Dudu. Dudu adhiku, nanging kancane adhiku sing saiki mondhok neng Kebondalem. Asale saka Karangmoncol, putra lurah kana jenenge Sukaptinah. Saiki dheweke dadi guru saksekolahan karo Santi. Wis ta, yen kowe sarujuk aku sing bakal ngatur. Bapak-ibu Pemalang mesthi mbantu. Kurang apa maneh. Oleh Sukaptinah kowe sasat nyandhung cepaka sawakul. Bocahe ayu, anteng, manis, pinter masak lan sapiturute. Tilikana dhewe enggal-enggal selak digondhol uwong, kojur kowe."

"Akh, mengko gek kuwi calonmu?" Hartadi rada tidha-tidha.

"Dudu! Demi Allah wis ta. Aku dhewe ya nembe ketemu sepisan iki, nanging aku yakin, kowe bisa setya marang dheweke, lan dheweke ya mesthi bakal setya marang kowe."

"Dakgagas-gagas kok ya rada aneh, San," swarane Hartadi dadi lirih, semu maido, "Pangalembanamu marang Sukaptinah kuwi dak rungok-rungokake sasat kurang candra turah rupa, kurang ukara turah warna nanging ..."



"Wis ta. Kari gelem apa gelem. Sing dadi nyatane. Prekara aku ora susah kok pikir marga aku wis duwe dhedhekan liya. Yen kowe klakon dhaup karo putri Karangmoncol kuwi aku bener-bener muji sukur."

"Sababe?"

"Blak-blakan bae dak critani ...," Santo banjur crita nggalur prekara kersane bapak-ibune anggane arep njodhokake karo Sukaptinah nanging puguh ora gelem nglakoni jalaran wi prasetya marang wanita liya. Sing dicrita ngrungokake kanthi tumemen lan dadi ngandel? marang guneme Santo. Kawigatene wis kedaut nganti ora krasa yen bis sing ditumpaki wi mlebu kutha Pekalongan.

Bocah loro mudhun ana ing Bendhan, bartju mampir Toko Batik. Kebeneran ana bathik Tirtateja sing babarane resik. Sawise rampun perlune Santo mrelokake mampir menyang pondhokane Hartadi, lan meling wanti-wanti supaya Hartadi enggal sowan menyang Kebondalem.

"Aja lali, Har. Saktekaku Salatiga mesti enggal ngaturi layang bapak. Aku ora susa nglayangi kowe, awit rembugku dakkira wi cukup," ngono welinge Santo marang Hartadi nalika arep budhal menyang Setasiun Bis Pekalongan. Santo rumangsa cumemplo atine.

"Aku nulungi Hartadi, nanging sejatin Hartadi nulung aku. Dakkira kena diparibasa kake palar-pinulir," batine Santo nggleg kalegan.

Kira-kira wis meh jam setengah nem nalik Santo mlebu pekarangan daleme Pak Nardi. Sawise kabar-kinabaran bab kulawarga Santo nuli

mbukak tase lan ngaturake oleh-olehe Bathik Tirtateja marang bulike. Nalika bulik mbeber oleh-olehe keponakane dadakan kaya sumlengeren. Bathik Tirtateja dikekep kencen tanpa kumecap. Pak Nardi sing ngertos apa sing dipenggalih garwane mung mesem.. Kosokbaline Santo dadi bingung ora ngerti wadine.

"Bulik. Menapa mboten keleresan?" pitakone semu sempelah.

"Ora. Bulik mung nggagas, kok pinter temen olehmu milih. Kowe sing milih dhewe apa ibumu?"

"Mboten, Bulik. Kula piyambak ingkang tumbas wonten Pekalongan kala wau. Mila ngantos radi sonten jalaran kampir dhateng griyanipun kanca prenah kangmas ingkang rumiyin sesarengan wonten Gajah Mada."

"O, ya sokur yen pilihanmu dhewe, dadi jenenge pas. Tirtateja, tegese banyu kang mawa cahya. Waah, jan pas tenan. Marem aku."

"Pas kados pundi ta, Bulik? Kula kok mboten ngertos kersanipun Bulik. Mangke gek namung ethok-ethok supados kula marem?"

"Bulikmu marem tenan kok San," Pak Nardi mbumboni, "suk kowe bakal ngerti kenang apa bulikmu krasa marem banget. Wis kana ndang resikan, iki wis meh mahrib. Aja lali mengko macaa tahmid sing akeh, muji sukur marang Pangeran."

"Inggih, Pak."

Santo mlebu kamar njupuk salin nuli klunthuh-klunthuh menyang kamar mandhi nggawa pitakon nekawama. Kabeh ngendikane bulike lan pakiike tansah dadi pikiran. Tembung-

tembunge aneh sajak ora sabaene. Luwih-luwih dhawuhe paklike supaya dheweke maca tahmid, muji sukur marang Pangeran. Mangka dheweke durung crita apa-apa prekara rembuge karo bapak-ibune ing Pemalang. Luwih-luwih prekara Hartadi. Mangka ya mokal yen bapake kirim layang nyang Salatiga.

Aku pancen wajib muji sukur bisa ketemu Hartadi. Nanging bulik-paklik rak ora pirsane," Santo gedheg-gedheg, "akh, embuh akh. Sin perlu muji sukur, ya muji sukur."

Bubar sembayang mahrib Santo ngisi buku hariane. Klawan cekak aos apa sing dialami an ing Pemalang lan patemone karo Harta ditulis. Semono uga pangandikane bulike la paklike sing nyalawadi. Sing banget nari kawigetene yaiku pangandikane bulike: tirtat ja, banyu kang mawa cahya, ngisore digaris lan diwenahi tandha pitakon. Bubar kuwi banjur nulis layang kagem bapake. Ukarane diarah-arane supaya ora nuwuhake kejoting panggalihi. Klawan gamblang digambarake wewatakari Hartadi sing tansah clingus yen ngadhepi bocah wadon. Sawise rampung nulis layang atine Sad to krasa entheng.

"Marti. Aku wis maju maneh sakjangkah Muga-muga Gusti Allah enggal paring pitulung, aku enggal ketemu karo kowe," Sant nuli metu saka kamar njujug ruang dhahar awit padatan Pak Nardi sekaliyan wis ngenteni.

"Kok suwe ta, Santo?" Pak Nardi ndangu

"Ngrampungaken serat kagem bapak."

"Wong nembe bae sowan kok ngatur layang?"

Bu Nardi melu-melu ndangu.

"Inggih, awit wonten margi kaleresan sesarengan kaliyan pernah kangmas ingka badhe gadhah perlu kaliyan bapak."

"Ooo, ngono ta. Wis ayo padha dhahar Saiki ora kena cimik-cimik lho. Perlune bendang pulih awakmu. Mundhak kancamu pangling," Bu Nardi wiwit nyemoni.

"Kanca? Kanca sinten, Bulik?"

"Ya kanca lawas mesthine."

Embuh marga disentil Bu Nardi embuh pancan atine lagi lega, bengi kuwi Santo katon dhokoh gawe mareme Pak Nardi sekaliyan. Nyipta yen mbesuk samangsane ketemu Rini awake wis rada pulih. Tumrape Pak Nardi sekaliyan sing ndilalah ora kagungan putra, Santo lan Marti alias Rini wis direngkuh kaya putrane dhewe. Katresnane kasok. Dadi ya pantes yen sesambungane bocah loro mau kalis ing sambekala bisa lestari anggone jejodhowan, tumrape Pak Nardi sekaliyan wis kaya nyandhung cepaka sakwakul utawa entuk gunung emas. Ya mula saka kuwi sekaliyan banget anggone migatekake sesambungane Santo lan Marti. Ya amarga kasoking tresnane marang Marti Bu Nardi ora keduga meksa supaya Marti ngenteni satekane Santo. Petungane kareben loro-lorone padha nata atine dhisik, njaga aja nganti ana bab-bab kang kurang prayoga. Sing cetha bae mendhung kaprihatinan sing wis sawatara suwe tansah angendhanu nggubel atine Santo ora suwe maneh bakal ilang ketrajang angin nggawa ganda amrik-arum, pendah samirana minging kang silir-silir saka Gunung Tidar ...



Kacarita esuke bubar sembayang Jumat Santo dicegat kancane tunggal sakkantor perlu menehake layang. Layange amplopan kathik ambune wangi. Yen ndeleng alamate genah jeneng bocah wadon.

"Mas. Iki lho, ana layang kagem panjenengan."

"Saka sapa?"

"Delengen bae alamate."

Santo ndeleng alamate sing ditulis ing bagean mburi amplop. Diwaca sakklebatan: S.S. Rini — Salatiga. Bathuke Santo katon njengkerut mikir-mikir sawatara suwe. Saka rumangsane ora tau duwe kanca sing jenenge Rini bocah Salatiga. Kanca kuliah nganti kanca dhek isih jaman esema biyen yaora ana. Kenalan nengi ngendi ta neng ngendi ya ora ana.

"Trims, ya." Layang banjur diblesekake ing sake terus gegancangan mulih. Ing batin tansah ana tandha pitakon, "Sapa ya, Es, Es, Rini, kuwi?"

Tekan omah layang enggal dibukak. Isine dijereng, byak. Sing sepisanan mripate ketatab geguritan Gumuk Watu. Tangane Santo gumeter, jantunge dadi dheg-dheg pyur. Sing kaping pindhone mripate natab geguritan cendhak mawa irah-irahan Suthik.

Geguritan Suthik diwaca alon-alon:

SUTHIK

Santo ...

Sing gedhe pangapuramu

Aku ora ngenteni satekamu

Kejaba wis meh entek cutiku
Aku kuwatir
Lelakon getir
Kowe suthik ...
Ketemu aku

Katiti ing Salatiga, Januari 1980
Saka aku: S.S. Rini

Bubar maca geguritan Suthik ana patang
menitan Santo lege-legeg, tambah-tambah pikire,
tambah-tambah batine, tambah-tambah solahé.
Nuli mak brabat melayu menyang ruang tengah
solahé gita-gita.

"Bulik! Bulik!"

"Ana apa, ta kok sajak gita-gita?" Bu Nardi
miyos saka kamar.

"Kula nampi serat, Bulik."

"Layang? Saka sapa?"

"Saking Rini alamatipun Salatiga, nanging ...,
nanging ..."

Bu Nardi mesem awit wis maos layang kuwi
sakdurunge dikirim. Anggone samudana ethok-
ethok ora ngerti pancen wis dirancang sekawit.
Tujuwane ora liya kepengin nguningani
spontanitase Santo. Bu Nardi uga ngerti yen Santo
dadi bingung kaya kena ing kecubung wulung awit
sakwise maca isining layang mesthi yakin yen sing
ngirim Marti. Nanging meksa ana bingungé marga
jenenge sing kirim layang kok S.S. Rini.

"Kene, kene. Linggih dhisik. Kuwi mau kok nanging-nanging kepriye?"

"Bulik. Kula yakin serat menika saking kanca kula, Sumarti naminipun. Senajan ing serat menika mawi nami S.S. Rini, temtu namung nami samaran. Gumun kula alamatipun kok Salatiga. Stempel posipun inggih Salatiga. Kuciwanipun kenging menapa piyambakipun mboten nyukani alamat ingkang cetha," Santo ngremed-remed rambute.

"Prekara jeneng samaran lan alamat mengko kena diurus. Saiki bulik arep takon dhisik. Kepriye rasaning atimu nampa layang kuwi?"

"Raos kula, kados sampun pejah gesang malih. Pangajeng-ajeng kula sageda pinanggih malih kaliyan piyambakipun."

"Dadi sliramu tresna tenan karo sing jenenge Sumarti kuwi?"

"Bulik. Wiwit kula kuliah rumiyin sejatosipun sampun tuwuh krenteging manah tresna dhateng piyambakipun. Ingkang dados pepalang mboten wonten sanes kajawi manah kula piyambak ingkang tansah rumaos mboten timbang ing samukawisipun. Ingatasipun tiyang sepuh kula namung guru esde, mangka piyambakipun putra bupati. Saking panggrantesing manah ngantos kalampahan kula ngripta geguritan Gumuk Watu menika. Geguritan menika wusananipun nuwuhaken seling-serap, ngantos piyambakipun oncat dhateng Jakarta. Kula sampun mbudidaya murih kesupen dhateng piyambakipun kanthi nyelaki lare estri sanesipun. Nanging aneh, Bulik. Saben-saben kula nyelaki lare estri, kula malah lajeng enget dhateng piyambakipun. Kula rumaos

dosa. Wusananipun kula lajeng mupus mboten badhe nyelaki laire estri, ngantos wonten kadadosan kula dipun pendamel dening Murtinah."

Santo nuli nyritakake impene sawise sowanj Kyai Haji Mahmud Pamungkas, banjur mba cutatake guneme, "Mila kula mboten saged mastani kanthi patitis sinten ingkang maluyakaken badan kula. Srana saking Pak Haji menapa saking pitulungi pun Marti. Ingkang cetha wiwit menika Marti tansah kumanthil-kanthil wonten ing manah, nuwuhaken raos prihatos ingkang tanpa upami. Langkung-langkung sasampunipun piyambakipun oncat dhateng Jakarta dumugi sepriki kula mboten mangertos wonten pundi papan dunungipun.

"Lha kok dhek emben kae, nalika Pakmu Nardi karo bulik takon jarene mung kangen ibu?"

"Inggih, nuwun sewu. Sejatosipun namung dora sambada."

"Ya kuwi nasibe wong sok goroh. Coba sliramu ora goroh, saiki mesthi wis ketemu karo Sumarti. Mula ta mula, besuk maneh aja sok goroh."

Santo nyawang bulike kedhep tesmak kebak pitakonan. Bu Nardi mesem.

"Saungkurmu menyang Pemalang, bulik ketekan keponakan jenenge Suryarini. Pancen wis telung taunan dheweke ora tilik marene. Sing uwis-uwis yen pinuju tilik turune mesthi neng kamarmu. Bareng dakkandhani yen kamar kuwi wis ana sing mbaureksa, sawijining nonoman Sarjana Hukum saka Pemalang dheweke banjur ndhedhes."

Bu Nardi nuli crita ngglalur ora ana sing kliwatan. Sing dicritani lungguhe jinem anteng, mripate kala-kala merem nganti sawatara suwe, nanging dhadhane saya suwe sangsaya mbeseseg kasompok rasa keduwung. Bener ngendikane Bu Nardi, yen maune ora goroh kudune wis bisa ketemu. Marti. Saiki keduwung ketemu mburi. Muga-muga bae isih bisa ditututi.

"Njur saiki karepmu kepriye, Santo" pandangune bulike bareng critane wis rampung.

"Raosing manah kula, kados daya-daya badhe nusul-nusula dhateng Magelang Bulik."

"Bulik sarujuk, nanging aja grusa-grusu. Becike dirembug dhisik karo Pak Nardi. Sapa ngerti Pak Nardi kagungan penggalihan sing luwih prayoga. Lha kae apa, Pak Nardi wis kondur. Saiki dak tata dhahar dhisik."

Swasana ruang dhahar ing daleme Pak Nardi awan kuwi katon regeng. Senajan cacahé sing padha lenggah ora tambah kaya adat sabene nanging ana bedane. Adat saben swasanane amem amarga salah siji wargane lagi kena ing panandhang. Saiki panandhange wis meh ruwat kabirat kabar kang ambabar cahyaning rasa gembira. Pepindhane kaya wengi kang peteng kasaput ing mendhung ireng, bareng parak raina sinambut cahyaning surya sinartan mididing angin ngusir mendhung kang anggameng.

Isih Kudu Gela

Ngalam donya warna-warna kahanane. Sing apik durung mesthi yen kebeneran. Sing tiba kebeneran sok-sok malah bisa nuwuhake rasa gela. Sing bener durung mesthi dianggep becik, lan sing ngugemi bebener uga durung mesthi nemu becik. Sing adhakan rasa gela tuwuh saka anane pepenginan kang ora katekan. Dene rasa cuwa tuwuh saka anane idham-idhaman sing ora kasembadan. Nanging yen ora kaya ngono jenenge dudu wong urip. Jalaran urip kuwi tansah memitran, nanging uga cecongkraham klawan karep. Kena uga dibasakake angger wong isih duwe karep jeneng isih dahwen urip. Lan yen isih dahwen urip kudu duwe pangarep-arep marang katekaning pepenginan lan kasem-badaning idham-idhamane sauger kinanthenan pambudidaya lair batin.

Panyuwun marang Gusti Allah lumantar solat hajat lan tahajud sing ditindakake Santo supaya bisa enggal ketemu Marti dadi wujud ing budidaya batin. Kasile wis trontong-trontong kari nggenteni mletheke. Sing wujud budidaya lair lagi dilakoni. Dina Setu esuk Santo budhal nusul Marti dikancani Bu Nardi. Santo rumangsa ayem kaya kuthuk



ketunggon babon. Bulike sasat kaya botoh nggawa jago adon. Jago adone durung wanuh karo kalangane, nanging sarehning botohe botoh patohan kena dijagakake anggone ngurusi ora bakal madal sumbi. Ewa semono eloking lelakon sing lagi dikersakake dening Gusti Allah tan kena kinaya ngapa.

Bu Suryadi, iya ibune Sumarti Suryarini rada gawok nampa tekane ipene saka Salatiga. Pancen ya pantes yen Bu Suryadi gawok. Marti nembe bae tilik menyang Salatiga, kathik saiki bulike sajak nusul tur nusule ora karo Pak Nardi, nanging karo nonoman bregas.

"Apa nonoman iki ana sesambungane karo Rini?" tuwuh pitakon ing batine Bu Suryadi awit satekane Rini saka Salatiga lageyane pancen rada seje karo padatan. Ketemu gapyuk ngrangkul kenceng nganti sawatara suwe banjur wanti-wanti anggone ngesuni nganti kaya wis pirang-irang taun nembe kepethuk. Bareng mlebu kamar keprungu rengeng-rengeng lagu Tinggi Gunung Sribu Janji, sing nggambarake kesabaran lan kasetyan ngenteni kekasih sejati. Tetembungane yen dijawabake kira-kira maknane mangkene: Yen kowe janji sewu taun, aku ya bakal ngenteni sewu taun. Sauger kowe setya, aku ora bakal cidra ing ubaya, lan sapiturute.

Yen dudu lagu kuwi ya lagu Inggris *You Are My Destiny*, sing tegese: *Mung Kowe Pepujanku*, memper lagu Indonesia *Hanya Engkau*. Sing cetha kabeh sing direngeng-rengengake mesthi magepokan karo katresnan, karo rasa asih lan kekasih kang tumanem ana ing telenging ati. Bu Suryadi dadi rada keduwung dene wingi-wingi kok ora

nyoba ndhedhes Rini. Mangka sejatine kepengin banget ngrogoh atine putrane ragil sing seprana-seprene sajak orangrewes marang bab jejodhowan, nganti gawe prihatine Pak Suryadi sekaliyan. Nate ibune njajagi atine nanging kandheg amarga sing dijajagi sajak ora dadi karepe.

"Rien, Rien. Kowe ki apa durung seneng pacaran ta, Rien?" tau Bu Suryadi ngajak guyon parikena karo putrane.

"Pacar Cina, apa Pacar Banyu, Bu?" Rini malah genten sembranan.

"Akh! diajak caturan tenanan kok malah plesedan."

"Kersane Ibu piye ta?" Rini ethok-ethok ora ngerti.

"Ngene lho, Rien. Kanca-kancamu neng esempe esema biyen meh kabeh wis padha omah-omah, malah wis padha ngemban anak. Daksawang kowe kuwi saiki malah kaya-kaya ngedohi bocah lanang. Karepmu piye? Bapak-ibu wis mundhak sepuh."

"Mbok wis ta, Bu. Aja ngrembug bab kuwi dhisik. Yen Ibu meksa-meksa ndangu bab siji kuwi aku dadi sedhih."

"Lho, sing koksedhihake apa? Mbok ya matur sing cetha!"

Yen wis tekan kono adat saben Marti utawa Rini nuli mbisu. Mripate kembang-kembang njalari ibune ora wani meksa kuwatir yen Rini dadi sedhih tenan. Kadadean kaya ngono kuwi wis makaping-kaping nganti Bu Suryadi rumangsa judheg. Mula bareng adhine ipe teka bebarengan karo nonoman, kejaba rada gawok uga tuwuh pangarep-arepe.

"Dhik Sur. Sapungkure Rini rak ora ana kadadean apa-apa ta?" Bu Suryadi mbukani rembug nalika lenggahan ijen padha ijen ana ing gadri mburi.

"Ora Mbakyu. Ora ana apa-apa. Sowanku kusung-kusung iki sejatine malah arep matur prekara Rien wiwit tekane ing Salatiga nganti sakmulihe."

"Iya? Priye ta, Dhik Sur?" Bu Suryadi dadi dheg-dhegan.

"Critane dawa Mbakyu," Bu Nardi mesem, "nanging Mbakyu ora susah nggali sing ora-ora."

"Wis ta, ndang critakna!" Bu Suryadi ora sabar.

"Kaya adat saben angger Rien tilik menyang Salatiga mesthi milih kamar ngajengan. Eee, barang dakkandhani yen kamar ngajeng wis ana sing mbaureksa, lan sing mbaureksa kuwi bocah Pemalang, Rien nuli ndhedhes-ndhedhes. Nitik saka pandhedhese, aku dadi duwe panggrayang yen antarane Rien lan Santo ana sesambungane sing ngluwihi ukuran kanca lumrah. Prekarane dadi luwih cetha bareng dakkandhani yen Santo arep dakusir. Dadakan Rien nangis sesenggrukan," Bu Nardi mandheg sedhela.

"Terus piye?" Bu Suryadi ndhesek.

Bu Nardi mbacutake critane miwiti nganti mekasi ora ana sing kliwatan. Nuli genti nyritakake Santo wiwit kena ing guna-guna nganti tekane diajak sowan sarta ngoyak sing wis taunan dadi gegantilaning atine.

"Mbakyu. Panjenengan bisa nggambarake sepira gelaning atine Santo. Wis nambahi cutine

tibake ora ketemu. Yen nganti duwe panemu Rien sing suthik karo dheweke, rak sida repot aku. Gek kaya ngapa mengko tambah prihatine. Mula saka kuwi, mangsa borong Mbakyu anggone paring dhawuh."

"Dhik Sur iki jawane dadi mak comblang ta?" Bu Suryadi nggugeng kekel. "Yen saka pangrasaku kok ora. Ketitik nalika dheweke teka saka Salatiga polatane katon semringah sajak kaya kalegan atine. Mbokmanawa ya marga wis ngerti kahanane Santo. Anggone mulih menyang Jakarta dakkira ora amarga nglungani utawa suthik ketemu, nanging loro-lorone kepeksa isih kudu gela. Ndilalah bapake Rien ditimbali menyang Jakarta marga ana konfrensi, njur budhal esuk mau nganggo mobil watara jam pitu. Niyate arep nyare neng Cirebon supaya ora pati sayah. Lha ... Rien didhawuhi ndherek sisan, malah aku ya melu ngojok-ojoki. Ora ngira babar pisan jebul sliramu rene ..."

"Barang wis kebacut kepriye nggone nututi? Mung muga-muga nggonku nyowanake Santo ora ana ilange. Jalaran yen ora ana sing mbotohi kaya-kaya angel gathuke."

"Akh, mosok ta, Dhik Sur?"

"Lho, Mbakyu durung pirsa si. Santo kuwi senjata wis nyambut gawe tur sarjana pisan nanging seje banget karo bocah-bocah nom liyane."

"Bedane apa?"

"Saka dhidhikane Mas Dwijo lan Mbakyu, Santo dadi bocah sing ngati-ati banget lan andhap-asor. Dadi yen ora ana sing ngratakake dalan ya

mesakake. Coba ta, ingatase bocah nom kok tanine ora jamak. Ora tau melu grubyag-grubyug sing tanpa tanja. Kerep-kerepe lunga sowan Kyai Haji Mahmud Pamungkas. Nggonku ngalembana kuwi ora kok dumeh dheweke keponakanku lho, Mbakyu."

Mesthi bae Bu Suryadi ngandel marang critane Bu Nardi. Sing lagi dadi rembug loro-lorone prenah keponakan kinasih, ditimbang padha abote ditinting padha beninge. Mokal yen botsih, ngepenakake utawa nyenengake sijine lan ngurbanake liyane. Nanging dhasare Bu Suryadi pancen rada seneng gojeg, mula adhine ipe tansah dileleda.

"Dhik Sur, Dhik Sur, Aku ora maido yen sliramu ngalem keponakan. Lha ya sapa maneh sing bakal ngalembana yen dudu bulike."

"Wis jamake ta, Mbakyu. Nanging rak loro-lorone dakalembana. Ora botsih. Mengko yen aku ngalem Rien dikira arep njaluk opah," Bu Nardi ngladeni guyone mbakyune.

"Ya wis ta, kana Santo konen mrene. Aku kepengin omong-omong."

Kala semana sing dirasani isih lungguh dhelog-dhelog ana ing kamar. Pikirane nglangut nyawang Gunung Sindoro-Sumbing. Nyut, kaya-kaya ana geter aneh ing telenging atine. Santo ndhingklik mrastawakake getering atine kang sajak awewh sasmita gaib mawantah. Buku Hariane enggal dijupuk saka tase, nuli urek-urek wiwit nulis.

Marti gegantilaning atiku ...

Ing bang kulon kana arahing keblat, katon Sumbing lan Sindoro. Sumbing luwih cetha, Sindhoromunglamat-lamat. Aku wislali endi sing luwih dhuwur. Sing wis pinasthi wiwit biyen nganti saiki Gunung Sumbing puncake gruwing kaya lambe suwing. Dene Sindoro alus mulus. Kaya-kaya puncake lunyu. Gusti Kang Akarya Jagad nyipta Sindoro-Sumbing dadi pepeling patemoningagal-alus...Yen wis pinasthi karsaning Gusti, ora bakal ana daya kang kuwawa ngalang-alangi. Amin.

Santo njenggirat kaget amarga pundhake dicablek saka mburi. Dheweke ora ngira yen bulike wis maos ukara-ukara sing nembe bae rampung panulise.

"Hm, iya bener."

"Menapa Bulik, ingkang leres?"

"Ya sing kok tulis kuwi. Wis kana enggal nyang gadri mburi selak dienteni ibumu."

"Ooo, kula dipun timbali?" atine Santo dhag-dhug.

"Iya. Bukune kuwi tinggalen. Ora susah dilebokake tas."

Santo ora bisa selak. Buku hariane ditinggal ana ing ndhuwur meja.

"Wis ben diwaos Bulik. Malah kebeneran," batine Santo karo jumangkah menyang gadri mburi.

Bu Nardi sing ditinggal neng kamar nuli waos Buku Hariane Santo, nanging mung sawatara lembar pungkasan. Bareng wis rampung pamaose prekara Sukaptinah lan Hartadi Bu Nardi manthuk-manthuk kalegan.

"Sok ngonoa katresnane marang Rien man-*te*p tenan. Bocah iki pantes dakbelani. Muga-muga bae penggalihé Mas Suryadi uga condhong."

"Cathetan pungkasan bab Gunung Sindoro-Sumbing sing mengku kiyas diwaos sepisan maneh. Bu Nardi mesem nuli mirsani ngulon kaya patrape Santo sakdurunge ngisi Buku Hariane. Sedyane mecaki gagasan utawa lamunane Santo lumantar pangudarasa.

"Hm. Gunung Sumbing sing puncake gru-wing kaya lambe suwing kuwi ditepakake awake dhewe sing rumangsa cacad lan tansah ana wae kekurangane. Dene Gunung Sindoro sing lambat-lambat, puncake katon alus mulus nanging sajak lunyu mesthi ditepakake marang Rien. Gunung Sumbing agal, gunung Sindoro alus nanging tetep jejer wiwit biyen nganti saiki, amarga kinarsakake dening Gusti Allah. Dadi ora bakal ana kekuwatan sing bisa mindhah kajaba saka keparenge sing anyiptakake. Sok ngonoa Santo sejatine nenuwun marang Kang Paring Gesang lelandhesan pasrah marang takdir: muga-muga nasibe dikaya Sindoro-Sumbing." Bu Nardi manthuk-manthuk maneh, nuli mbacutake anggone ngudarasa.

"Nusul kusung-kusung jebul ora ketemu. Selagine aku sing mung ngancani wae gela, apa maneh sing nglakoni. Hm, pancen isih kudu gela. Ya arep dikapakake yen Gusti Allah durung marengake ketemu. Nanging manawa nyimak cathetan iki, ya meksa ana hikmahe tumrap Santo. Sing wigati Mbak Sur kudu dakaturi pirsane kalebu bab-bab sing ana gegayutane karo Sukaptinah lan Hartadi. Istingarah supaya luwih mantep pangrengkuhe marang Santo."

Dina Minggu esuk tur sasi Januari, sasi sing lumrah dikeratabasa dadi hujan sehari-hari. Ndina-ndina udane nggrejeh wiwit esuk nganti sore, sore nganti esuk maneh. Kaya ngono kuwi padatanane mula nganti tuwuh keratabasa hujan sehari-hari. Nanging dina kuwi keratabasane wong Jawa lagi ora tumama, saora-orane ing kutha Magelang. Esuk iku langite sumilak resik karengga ing dlemoking mega-mega putih apanthan ing sisih kidul wetan. Ereng-erenging Gunung Sumbing pinulas cahya emas saka sunaring srengenge wayah gumatel.

Iya ing wektu lan swasana kaya ngono kuwi tamu-tamu saka Salatiga pamitan. Sing pamitan sumeh, sing dipamiti uga nguntapake klawan sumeh.

"Wis ya Mbakyu, aku nyuwun pamit. Sungkemku kagem Kangmas suk yen wis kondur," Bu Nardi rerangkalan karo Bu Suryadi.

"Iya Dhik Yati. Suk dakaturake."

"Sampun Bu, kepareng. Mboten sanes nyuwun pangestu," genten Santo nyuwun pamit.

"Iya San. Ora liwat mung nyangoni slamet. Lan ... titip bulikmu."

"Inggih, Bu."

"Lho. Sing dititipake ki aku apa dheweke?" Bu Nardi mbanyol.

"Ya wis, mangsa bodhoa kono. Mbok-manawa becike ya padha reksa-rumeksa. Salamku bae nyang Dhik Nardi," wangsulane Bu Suryadi patitis.

"O, iya. Kepareng."

Wiwit saka Kejuron Land Rover sing ngeterake Bu Nardi lan Santo menyang Setasiun

Bis Kleser-kleser ngetan. Tekan pojok pekarangan mesjid menggok ngalor ngubengi alun-alun, menggok ngetan, menggok ngidul terus bablas ngliwati Pecinan. Ndilalah bisa enggal oleh bis sing meh budhal tur durung kebak.

"Wingi didangu apa wae karo ibumu?" pandangune Bu Nardi sawise mapan lenggah.

"Bab kawontenanipun kulawarga Pemalang sakthe kliweripun."

"Kemput?"

"Inggi Bulik, kemput."

"Nganti tekan sing ndherek barang ya kok critakake?"

"Inggi."

"Mung kuwi?"

"Taksih kathah sanesipun. Tiyang sajakipun sedaya sampun dipun beber dening Bulik."

"Njur pungkasane ibumu ngendika apa?" Santo ora enggal mangsuli amarga kaselan guyune rada kekel kelingan anggone dilokake Bu Suryadi, "Kula dipun semoni."

"Disemoni piye?"

"Ngaten ngendikanipun: Mula dadi cah lanang ki aja kebangeten le jirih. Kok ora imbang karo gagahe."

Saiki genti Bu Nardi sing nggugeng kekel. Critane mono ora pati lucu nanging maknane nglegakake ati. Ing batin Bu Nardi ngunandika, "Wah, ya sukur. Pangandikane Mbak Sur kuwi mengku sasmita memet sing kena diarep-arep uwohe. Mung kari ngenteni Mas Sur. Yen perlu

daktangisi apa ya tegel? Becike pancen kudu cekat-ceket dirembug karo Mas Dwijo sekaliyan."

"Giliging atimu saiki kepriye?" Bu Nardi ujug-ujug ndangu.

"Namung sumarah, Bulik."

"Sumarah kepriye?"

"Sumarah dhateng para pinisepuh, tuwin sumarah dhateng Pangeran."

"Kok ora sumarah marang Rien sisan?"

"Kinten kula, kula lan piyambakipun me-nika rak namung ringgit, Bulik. Nasibipun gumantung astanipun para Dhalang ingkang kagungan panguwaos murba-misesa lelampahan. Ringgit kapurih jejer, inggih jejer. Dene manawi dhalang-dhalangipun sami kagungan rancangan lampahan sanes, pun ringgit temtu mboten saged menapa-menapa."

"Kuwi rak yen ringgit wayang kulit. Bareng manungsa kaya sliramu karo Rien rak bisa mbudidaya. Bebasane opor bebek, bisa mateng" karepe dhewek. Iya apa ora?"

"Dhawuhipun bulik mila kasinggihan. Nanging tumrap piyambakipun, langkung-langkung tumrap kula, badhea kados pundi mboten badhe ngrodaparipeksa menapa kemawon ingkang dados kersanipun para pinisepuh. Mila wontenipun inggih namung sumarah. Kula mboten perlu nyuwun menapa-menapa jer para pinisepuh, langkung-langkung Bulik sampun nguningani menapa ingkang dados idham-idhaman kula kekalih. Bontosing atur, risak utawi rahayuning badan kula menika gumantung Bulik."

"Eeee, jawane nempuhke ta?"

"Mboten nempuhaken, Bulik. Namung pasrah bongkokan."

"Kok ora biyen-biyen nggonmu pasrah?"

"Mbokmanawi mila taksih kedah dados lelampahan."

"Isih kudu gela barang kuwi ya lelakon?"

"Inggihi, Bulik. Mugi-mugi dadosa rabuking katresnan sarta pandhedhering wiji kasetyan."

"Iya, iya. Nanging sejatine bulik ki ya rada gumun. Lumrahe nonoman jaman saiki sarwa kepengin cepet, sarwa kepengin ndang rampung, malah akeh sing sok ngrusak pager ayu saking kesusune. Lha kok sliramu adhem-ayem sajak kurang greget ..."

"Ingkang adhem-ayem menika rak namung tata lairipun, Bulik. Nanging ing batos anggenipun nenuwun sampun sumengka pangawak bajra."

"Ooo, ngono ta jebule? Etung-etung wis pirang taun kenale karo Rien?"

"Manawi mboten klentu wiwit kula tingkat kalih. Srawung kirang langkung kalih taun lajeng pisahan. Gara-garanipun inggih geguritan menika. Ngertos danel gendra mboten kula kintun dhateng Panyebar Semangat," Santo isih krasa keduwung

"Nanging yen ora ana geguritan kuwi lakone dadi sepi. Mbokmanawa malah ora ana lelakon kaya saiki iki. Sanajan bola-bali Yogya Pemalang nanging Sindoro Sumbing ora bakal dadi sumbering inspirasi, lan bisa uga bulik ora bakal numpak bis bebarengan ngene iki."

Krungu bulike ngendika kaya ngono Santo rumangsa kenyunyuk atine, nanging ora lara.

Bareng digagas sakeplasan malah dadi lucu. Barang lucu sing lumrah mesthi nuwuhake guyu. Nyatane Santo pancen ngguyu kekel gawe gumune Bu Nardi.

"Kok ngguyu kekel ana apa ta, San?"

"Pancen lelampahan menika sok-sok lucu tuwin aneh. Kusus gegayutan kaliyan Bulik janipun kula radi lingsem. Inggih lucu, inggih lingsem cawuh dados setunggal nanging mboten badhe selak."

"Byuh, byuuuh. Rembugan kok mubeng-mubeng nganti bulik ora dhong. Ana sing lucu-aneh, ana sing lucu-lingsem, tibane mboten badhe selak. Kuwi genahe piye?"

"Badhe selak kadospundi tiyang sampun dados anteping tekad. Dene ingkang lucu-aneh Bulik temtu saged menggalih. Lha, ingkang lucu mawi embel-embel lingsem menika anggen kula badhe matur inggih lingsem tur kaworan ajrih menawi Bulik layeng mboikot."

"Yen ora blaka mbokmanawa dakboikot tenan."

"Inggih ta, menawi makaten. Mugi-mugi atur kula mangke mboten ndadosaken rengu-ning penggalih."

Santo nuli ngandharake lelakone wiwit impene sing melu ndayani abering guna-gunane Murtinah nganti tuwuhing rasa sumelang yen ngantiya dijodhokake karo keponakane bulike. Kabeh-kabeh kegawa saka anteping katresnane marang Sumarti Suryarini.

"Kok Ngerti yen bulik kagungan keponakan?" bulike nyaruwe.

"Inggih saking Murtinah. Nanging babar pisan mboten nginten menawi gegambaraning lelampahan ingkang kula ajrihi jebul malah pepenginan ingkang tansah kula impi-impi."

"Mula ta mula. Coba wiwit biyen matur, bulik rak mbanjur bisa nlusur, ora nganti sliramu sasar-susur. Isih begja dene ora nganti kejegur sumur. Yen biyen-biyen blaka mbokmenawa ora perlu ana lelakon kudu isih gela."

Panen Tanpa Ngunduh

Bubar nguntapake tamune Bu Suryadi thenger-thenger. Penggalihe katut kedhaut marang sing nembe pamitan. Pribadi lan lelakone Santo kaya sing diandharake Bu Nardi dalah wawan pangandikane karo Santo tansah ginagas, winawas, digelar, digulung ditintingi nuli ditangkepake karo lelakon lan kahanane putrane, Sumarti Suryarini. Kaya-kaya pancen kepok tenan. Tegese akeh gathuke lan padha dayadinayan. Eling-eling putra putri siji sing wis wanci mangka durung nambut silaning akrami, nanging ora marga saka kalis ing rasa sudi. Undheraning prekara sajak-sajake jalaran padha-padha ngantepi ubayaning ati nyawiji. Dadi yen ora enggal ditulungi, digathukake lumantar makartine sing padha mundhi wajib, bisa uga nemahi jugar tanpa wasana bubar gawe ora ana karampungane. Temahan sing padha mundhi wajib dadi paran tutuhan sinebut wongkainan.

"Kudu enggal-enggal daktututi!" Ceg, Bu Suryadi ngangkat gagang telpun nuli nyak-nyuk menceti nomer, interlokal menyang Perwakilan GIA.



"Halo, perwakilan gia? Selamat pagi."

"Benar, Bu. Selamat pagi," keprungu wangsulana saka sabrang kana.

"Apakah masih ada tiket untuk Jakarta."

"Masih, Bu. Untuk jam berapa?"

"Jam dua."

"Untuk berapa orang?"

"Satu orang."

"Atas nama siapa, Bu?"

"Nyonya Suryadi, Kejuron, Magelang. Kurang lebih satu jam lagi saya datang."

"Baik, Bu. Kami sediakan."

"Terima kasih."

Bubar nelpun Bu Suryadi tata-tata nuli nimbali Mbok Nah, abdine sing sasat wis dadi kulawarga jalaran anggone ndherek wiwit isih enom nganti saiki wis duwe putu. Bu Suryadi meling rupa-rupa, njaba-njero kasrah kabeh marang abdi kapitayane.

"Tindakipun pinten dinten, Bu?"

"Kira-kira papat utawa limang dinanan, Mbok. Ulikku bareng Bapak."

"Menawi kula gagas, kawontenan menika kok lucu, inggih Bu."

"Lucu piye, Mbok?"

"Lhah, inggih, Cobi dipun galih. Nak Rien nembe kemawon kondur. Sawatawis dinten tuwi keng bulikipun dhateng Salatiga. Kondur mriki malih lajeng bidhal kondur dheteng Jakarta. Lajeng dipun tungka keng bulikipun kaliyan Nak Mas menika, sajakkecelik. Eee, tibakipun samenika

panjenengan nungka dhateng Jakarta. Mugi-mugi kemawon mboten kecelik."

"Akh, mesthine ya ora kecelik ta, Mbok. Wong genah bocahe mulih menyang Jakarta, kok. Njur gek arep nyang ngendi maneh?"

"Eee, sinten mangertos Nak Rien lajeng tindak luar negeri," Mbok Nah ngguyu nyekikik.

"Yen manut rancangan esuk mau nembe budhal saka Cirebon. Dadi mbokmenawa tekane Jakarta mengko malah untap-untapan karo aku."

"Wah, mesthi sami kejut penggalhipun menika mangke. Hm, kok kados kariyos film menika, inggih Bu?"

"Dudu. Dudu crita film, nanging crita wayang."

"Oo, inggih leres cariyos ringgit purwo. Nak Rien dados Sumbadranipun, dene Nak Mas saking Salatiga menika mugi-mugi Bambang Premadinipun. Akh, Bambang Premadi kok gagah gedhe dhuwur. Mboten cocok Bu," Mbok Nah mikir-mikir sedhela, "Dhapukanipun ingkang trep saestu Dewi Pregiwa kaliyan Raden Gathutkaca. Sampun, menawi menika nyampleng saestu. Mathis!"

Manungsa pancen kaya wayang ing astane Sang Dhalang Mahawenang. Mobah-misoke tansah kadayan dening kekuatan paparinging Pangeran. Tembunge Arab muni La khaula wala kuwwata ila billah, sing lumrahe dadi pocapan Jawa Wala-wala kuwata, kuwat saka karsaning Allah. Sanepane yen Ki Dhalang sakgedhagan mung bisa ngakokake utawa ngobahake wayang akeh-akehe papat, Sang Dhalang Mahawenang iya Kang Maha Kawasa kuwawa marigi daya kekuwatan tumrap manungsa sealam donya. Osik

becik krenteg rahayu apadene niat ala gagasan culika kalakone kabeh gumantung keparange Kang Akarya Jagad. Mula saktheik kliwere manungsa iya tansah dikawuningani. Iya jalaran saka kuwi tumrape wong Jawa Gusti Allah uga sinebut Hyang Manon, tegese Kang Maha Anon. Sarehning Maha Anon mesthi bae anggone nyiptakake lelakon lan nggothak-ngathukake kadayenan siji lan sijine mung kari plak-plek tur sumrabah.

Kaya wektu semana kepener Akad Pong tanggal 13 Januari 1980 wayahe wis mehtengange, padha wektune nanging seje pangonane. Nalika Bu Nardi lan Santo tekan Salatiga, Bu Suryadi pas budhal saka Magelang arep nusul mayang Jakarta. Sing Bali menyang Salatiga, sing nusul lan sing disusul menyang Jakarta sadalan-dalan lakune tansah rancag ora ana alangan sawiji apa.

Gancaring crita watara jam telu awan Pak Suryadi lagi dhahar kembul karo putra-putra lan mantune. Kursi makan cacah nem mung isi papat, yaiku Pak Suryadi, Sumarti Suryarini, Sumarto Suryadana lan sisihane. Durug nganti tutug kesaru tekane taksi Blue Bird mandheg ana ngarep omah. Let sedhela keprungu swara pintu mobil ditutup banjur kesusul swara krakal dibentur-bentur sandhal. Wong papat sing kupeng ana meja dhahar pandeng-pandengan.

Marti enggal-enggal metu mbukak lawang ngajengan, terus bradhat ibune semu kaget lan gumun pitakon, ana apa kok ibune nusul.

"Bu?" mung saktembung kuwi sing kewetu karo nyandhak tas sing dicangking ibune.

Bu Suryadi mung mlengoh nuli ngrangkul Marti, disuni sakkatoge kaya-kaya lagi ngesok rasa katresnan. Wong loro banjur mlebu ndalem rerangkalan agawe kaget lan gumune sing lagi padha dhahar.

"Bu?" wong telu kaya dikomandho bebarengan nyapa kebak pitakonan.

"Bu. Ana apa ta, kok gita-gita banget nggonmu nusul?" pandangane Pak Suryadi bareng Bu Suryadi wis lenggah.

Sing dadi paran pitakonan ora enggal-enggal mangsuli malah mandeng Marti karo mesem. Sing dipandeng rada dheg-dhegan. Ing batin ngudarasa yen ibune rada nganeh-anehi. Apa maneh yen ngelingi mau anggone ngesuni krasa ngluwihi padatan.

"Apa ...?" pikirane Marti mbalik dadi mawas dhiri, kelingan nalika nembe mulih saka Salatiga dheweke uga ngesok rasa senenge kanthi ngrangkul raket lan ngesuni ibune luwih saka padatan.

"Apa rawuhe ibu ki ana sesambungane karo durung tutug anggone nggagas kepunggel pangandikane ibune.

"Ngene, Pak. Saungkur panjenengan, mbok-menawa malah nembe tekan Semarang utawa doh-dohé Pekalongan jebul ana tamu saka Salatiga."

"Ooo, Dhik Nardi?" Pak Suryadi nyelani pitakon.

"Dudu. Sing teka Dhik Sur dhewe dikawal kancane Rien," tembung kancane Rien rada diserokake dening Bu Suryadi, njalari Pak Suryadi rada kaget. Kosok baline Rien, dadi ndhingkluk.

"Kancane Rien? Kanca ana ngendi? Lanang apa wadon?" Pak Suryadi necer pitakon.

"Yen cah wadon, aku ora nusul panje-nengan," Wangsulane Bu Suryadi ayen dicampur gujenge renyah, nuli mbacutake tembungé.

"Bocah kuwi kancane Rien nalika isih ana Yoja biyen. Seprene wis watara telung taunan ora tau ketemu. Nanging Bu Suryadi ora mbacutake katrangané.

"Nanging piye, Bu?" kangmase Rien dadi ketarik kepengin melu ngerti.

"Ya kono, takona adhimu dhewe," wangsulane Bu Suryadi ngglayem.

"Piye Rien? Mbok aku dicritani."

Sing ditakoni mung ndhingkluk. Ing batin mesthekake yen ibune wis dicritani bulike warna-warna. Kabeh wis dibukak byak pendah sigar semangka dadi tekan wiji-wijine katon cetha wela-wela. Ing batin Marti pasrah marang wawasane ibune. Mula bereng kumecap ya mung cekak aos.

"Mangsa bodhowa Ibu," Marti menyat banjur klepat mlebu kamar.

Pak Suryadi, Sumarto lan sisihane mlenggong. Bu Suryadi banjur ngandharake lelakone Santo lan Marti wiwit pisahe ana Yoja biyen wiwitan nganti wekasan. Pungkasane Bu Suryadi ngendika.

"Sing Bapak perlu pirsá, ngene. Sajrone pepisahan telung taun loro-lorone padha dene tansah nenuwun bisane ketemu maneh. Dadi cetha anggone padha prasetya batin. Lire batin, ora kawetu ana ing lesan ananging anggone ngantepi tanpa taha-taha. Wose madhep-mantep,

mathem lan mantheng. Yen cara wayange, ora keguh ing pakewuh ora mamang ing pepalang, ora tidha-tidha marang sakehing rubeda."

"Wah. Ibu kok kaya dhalang, ya?" Sumarto ngalem ibune.

"Eeee, ibumu kuwi neng esgea biyen bijine basa Jawa ora tau kurang saka wolu, lho," Pak Suryadi mbumboni.

"Layak salaminipun wonten mriki sasat mboten nate srawung kaliyan lare-lare jaler," sisihane Sumarto melu urun panyengkuyung.

"Anu, Bu. Sing aku rada gumun, dhik Sur kuwi. Kok sajake anggone mbelani bocah kuwi ora wigah-wigih ingatase...."

Bu Suryadi nggujeng," Aku dhewe maune ya rada gumun. Nanging bareng aku ngerti yen tumrape Dhik Sur Santo kuwi dudu wong liya maneh, bisaku yang mung manthuk-manthuk."

"Piye ta, piye sesambungane? Saelingku kok kaya ora duwe waris saka aku utawa saka Ibu sing jenenge Santo Nugroho," Pak Suryadi nyoba ngeling-eling, nanging pancen ya ora ana. Mula kepengine ngertos dadi notol banget.

"Santo kuwi keponakake Dhik Nardi, dadi rak ya sasat keponakane Dhik Sur dhewe, ta?"

"Oooo," wong telu kaya diabani bareng.

"Ndilalah, ndilalah," Pak Suryadi manthuk-manthuk lan sajak kaya ana sing dipenggalih, "sok ngonoa Dhik Sur kuwi mbelani keponakan loro sing padha-padha ditresnani. Ya ora maido, luwih-luwih yen ngelingi anggone ora duwe turun. Awake dhewe ngerti kaya ngapa pangrengkuhe

marang Rien wiwit biyen nganti saiki. Nanging wajibing wong tuwa kaya awake dhewe iki, iya kudu nodhi kekarepane Rien. Bab kuwi dakpasrahake Ibu. Aku mung kari ngamini bae.

"Ya ora ngono kuwi, Pak. Nggonku keraya-
raya nusul rak supaya bisa dirembug bebarengan
karo panjenengan. Dadi sisan nggawe mumpung
awake dhewe kumpul."

Malem Senen grimise rada kerep. Ora mung gegodhongan sing katon seger, nanging hawane uga melu seger, enak nyrambahi awak sekojur. Wektune kira-kira bakda Isya jam setengah wolunan, Pak Suryadi sekaliyan padha lenggahan ana ing ruang tamu. Sumarto lan sisihane ora katon melulenggahan. Sing ana mung Marti. Mbokmenawa kangmas lan mbakyune jaragan ora nunggoni supaya Marti bisa luwih bebas. Sing bebas ora mung Marti, nanging tumrape Pak Suryadi sekaliyan ya padha bae. Arep ndangu apa bae bisa cepas-ceplos, sing arep mangsuli ora ndadak ewuh-pakewuh marang kangmas utawa ipene.

"Rien. Saiki kowe ora bakal bisa selak. Rahasiamu wis ana kene," ngendikane Bu Suryadi karo ngepelakeastane tengen;

"Mula sakwanci-wanci ana panggilan saka Gunung Tidar kowe kudu siap," Pak Suryadi nyambungi.

"Ya wis, Ibu menang Bapak melu ngundhuh," wangsulane sing digodha.

"Kleru! Dudu bapak sing ngundhuh. Ya ta, Bu?"

"Bener! Sing ngundhuh bakale Pak Dwi jowiyata sekaliyan."

Germ, Pak Suryadi sekaliyan nggugeng. Marti nyableki bapake lan ibune. Sing dicableki tambah

kekel. Sing digeguyu dadi anyel. Dadine orang mung trima nyablek, nanging njiwit.

"Huh, gemes aku," tembungé Marti nalika njiwit bapaké.

"Ee, Rien. Suk nek njiwit Mas Santo aja seru-seru lho. Mesakake," bapaké tetep mbeda karo isih nggugeng kekel, "Mengko dhisik, Rien. Saiki bapak serius. Wis ping pindho kowe ninggalke dheweke tanpa pamit. Sepisan neng Yoyo biyen, ping pindhone dhek emben neng Salatiga. Becike kowe kudu njaluk pangapura, ngakoni keluputanmu."

"Akh, wegah!" wangsulane Rien cekak aos, nanging batine ngiyani.

Manungsa pancen kerep tumindak kaya ngono kuwi. Awake dhewe dikon perang dhewe, dikon cengkah lair lan batine. Batine muni iya, laire muni ora. Sok-sok diwalik, batine muni ora, laire kepeksa muni iya. Mangka ya ngerti yen ngono kuwi kerep nuwuhake seling surup. Yen kebacut anggone seling surup lumrahe mekar dadi daredah lan cecongkraham mung jalaran prekara sepele. Saupama manungsa ora ngedu antarane lair lan batin, sing tegese tansah njumbuhake krenteging batin karo pakartining lair mesthi ora bakal ana peperangan antaraning lair lan batin. Sing ana mung lugu lan jujur. Yen manungsa wis jujur marang awake dhewe mesthi ya bakal jujur marang wong liya. Temahane donya cilik lan donya gedhe sing kebak kejujuran mesthi kalis saka ing peperangan. Perang cilik utawa perang gedhe ora bakal ana. Kasile nuwuhake karahayon tumrap pribadi lan jagad saisine. Ringkese, pakarti jujur kuwi ateges mamayu hayuning sapadha-padha kelebu awake dhewe.



Bengine Marti sida nulis layang kanggo Santo.
Nanging bola-bali kertase disuwek. Layange ora
dadi-dadi nganti dheweke judheg. Wekasane
dheweke nulis geguritan mawa irah-irahan Suk
Riaya, unine mangkene:

SUKRIAYA

Santo ...

Yen sasi pasa wis tanggal tuwa

Riayane meh teka

Para sepuh gupuh tata-tata

Paring pangestu pangaksama

Aku bakal tuku kartu

warna biru gambar prau.

Dakkirim sesuk-esuk

Ngenteni tekamu

Munggah Gumuk Watu

Santo ...

Aja mangu-mangu

Aku njaluk pangapuramu

Jakarta, 14 Januari 1980

S.S. Rini

Geguritane diwaca maneh. Marti mesem lega
dene wis bisa nglairake pikiran lan perasaane
mesisan njaluk pangapura marang kekasihhe. Ing
batin dheweke memuji muga-muga sabanjure ora

ana alangan sawiji apa. Bareng wis diteken jebred, kertas sing isi geguritan kuwi nuli dilebokake amplop, terus dilim.

Nawala duta kang wujud geguritan tekan Salatiga dina Selasa awan, ditampa dening sing kawogan klawan ati dheg-dhegan. Layang dibukak byak, bareng wis diwaca kaya-kaya sakehing mendhung ing langit padha sumilak. Swasana dadi padhang.

"Bulik. Kula nampi serat saking Marti. Mangga kula aturi maos."

"Geguritan maneh?" Bu Nardi nggujeng.

"Inggih."

Geguritan cekak kuwi pamaose dibolan-baleni. Angger bubar maos Bu Nardi kendel nganti sawatara suwe. Nganti tekan tanggale uga dibolan-baleni. Santo ora ngerti apa sababe, anane mung gumun. Luwih gumun maneh bareng bulike ngendika.

"Ibumu Magelang mesthi wis nusul menyang Jakarta. Manut pandugaku lat-late dina Minggu sore mesthi wis ketemu Mas Suryadi lan Rien."

"Kok Bulik saged mesthekaken menika kados pundi?"

"Aku kenal banget watake adhimu Rien. Yen dheweke durung ketemu ibune mesthi ora bakal kirim geguritan kaya ngene."

"Kaya ngene kados pundi, Bulik?" Santo nyelani.

"Coba wacanen sepisan engkas tembung-tembung utawa ukara-ukara riayane meh teka ... para sepuh paring pangestu ... kartu biru gambar

prau, lan sapiturute sarwa mentes mengku keputusan. Sapa sing gawe keputusah? Yen Rien dhewe mesthi ora wani. Yen wania dhewe harak wis biyen-biyen. Gatra-gatra sabanjure bisa kok pikir dhewe menyang ngendi parane."

Plong atine Santo. Benang-benang ruwet wis udhar. Sabanjure kabeh tumindak klawan gangsar, pikirane dadi bingar. Nem sasi candhake undhangan wis sumebar. Undhangane warna biru, njabane mawa gambar prau tulisane dicetak dia positif warna putih. Jarene sing lagi padha dadi gawe, warna biru gambar prau tulisan putih kuwi padha mengku prelambang.

Aksarane putih dadi lambang prentuling katresnan suci, kababar mawa dhasar kasetyan kang dilambangake ing warna biru. Warna biru kang uga dadi lambang samodraning pangurip-an, papan pandadaran tumrapping para juru-mudhi lan nangkodaning bebrayan ing bale wisma anggone padha lelayaran nggayuh pulo kabagyan. Banyuning segara uga dadi lambanging donya-brana kang bisa ndayani laku-ning prau panguripan. Mula kudu dikawekani aja nganti banyu segara mau ngelebi prau, lire sarating ngaurip sing jeneng donya-brana kuwi aja nganti misesani panguripan. Awityen ngan-ti mangkono tangehlamun praune bisa tekan ing pulo kabagyan, destun bakal klelep tekan dhasaring segara dadi ndheg-endheg amun-amun. Mangkono panjangka jangkahing pang-uripan kang diangkah dening calon penganten sakarone, Santo Nugroho lan Sumarti Suryarini.

Regemenging Gunung Sindoro-Sumbing tetep katon cetha senajan wayah bengi, jalaran kala

semana mbeneri wulan purnama. Kaen-dahaning swasana binarung swara lambat-lambat swarane wong sesendhonan tembang Dhan-dhang-gula, methik saka layang Slisir Mareng Tenggaraeng karyane Ki Wirawangsa, lagon Palaran gagrag Surakarta cengkok Magelangan, cakepane:

Dhedheptidhem prabawaning ratri
sasadara wus manjer kawuryan
tan kuciwa memanise
menggep srinateng dalu
lan sineba sanggya pra dasih
aglar neng cakrawala
winulat ngelangut.
prandene kabeh kebekan
saking kehing taranggana kang
sumiwi
warata tanpa sela.

Kaya-kaya kaendahaning sasadara purnama ing bengi kuwi rebut unggul karo kasulistiyane calon penganten putri Sumarti Suryarini sing nembe dikerik lan dialub-alubi. Dhasar kala semana mbeneri malem midadareni, mula akeh para putri padha nunggoni. Daleme Pak Suryadi njaba-njero katon regeng. Ing pendhapa para tamu lenggah lesehan lemek babut, gumyek anggone padha ngendikan sinambi ngedhapi pasugatan.

Kikising wengi ginantyan raina kaciha pletheking surya ing bang wetan mungup-mungup mbarengi tekane dina Akad Legi tanggal 15 Ruwah taun Be 1912, Windu Kuntara utawa tanggal 29

Juni 1980. Ora kayaa suka-sukuring atine Santo marang Kang Maha Kuwasa, awit dina iku kanthi resmi bakal dadi sisihane Sumarti Suryarini kanggo salawase urip. Mak nyut dheweke kelingan geguritan mawa irah-irahan Suk Riaya sing ditampa nem sasi kepungkur. Apa sing dingendikakake bulike saiki netes temenan.

Rerangkening upacara bakal diwiwiti jam 10, kanthi ngadani peranganing upacara sing paling wigati tumraping wong jejodhowan manut kukuming agama Islam, yaiku akad nikah, sing padatan mung dijupuk intine disebut upacara ijab, utawa ijab kabul. Rampung akad nikah penganten banjur tata-tata salin busana kanggo ngadhepi upacara adat pranata Jawa, yaiku temu utawa panggih. Bengine banjur dianak-ake pahargyan pawiwahan, sing ing jaman saiki lumrahe karan resepsi. Lakuning gawe wiwit saka pasang tarub tetuwuhan nganti tekan resepsi tumindak kanthi tata, titi lan rancang ora ana alangan sawiji apa.

Bareng wis cukup sepaas penganten banjur diundhuh menyang Kebondalem Pemalang. Acarane climen, mung ngulemi kanca-kancane Pak Dwijo lan Santi sing tunggal saksekolahan. Pak Nardi sekaliyan tinanggenah makili kulawarga Magelang.

"Kowe hebat tenan lho, San," cluluhe Hartadi nalika para tamu wis bubaran.

"Lha yen ora hebat, apa ya klakon dakpilih?" Marti nyuwaweni.

"Sakjane sing luwih hebat kuwi kowe, kok, Har. Nyatane nggonmu mondhong putri luwih cepet, jare," Santo genti nyempaluk Hartadi.

"Lah, mung kacek pirang dina wae ngarani luwih hebat. Hebat apane?" Hartadi rada kecipuhan. Begja dene enggal dibelani Bu Dwijo.

"Sakjane arep ibu barengke supaya ora ana sing rumangsa menang utawa kalah. Nanging ibu dadi bingung nggona mbagi wektu. Apa nyang Magelang apa kudu nyang Karangmoncol. Dakpikir-pikir rehning Har keprenah tuwa, mula ya dakdhisikake. Mula wis ora perlu rebut asor utawa unggul. Luwih becik padha rebut kabecikan."

"Lha, menawi mekaten menika nembe hebat, Bu," Pak Lurah Karangmoncol nanggapi, nuli sambunge, "Nuwun sewu. Nak Santo sekaliyan menika mangke, lenggahipun la-eng wonten Salatiga menapa Jakarta?"

"Pak. Kula kekalih menika pepindhanipun namung dados ringgit. Sapari polahipun gumantung purba-wisesaning dhalang. Ing mangka dhalangipun sampun netepaken lampahan"

"Dhasar ringgitipun inggih sami suka-rena nindakaken dhawuhing dhalang," Martinyambungi.

"Weh, weh, weh, weh. Menawi mekaten dhalangipun temtu dhalang guna ingkang satuhu mumpuni dhateng salwiring pangawikan."

"Wah, mboten muluk-muluk mekaten menika, Pak Lurah. Kula kekalih menika saestunipun namung nampi sih kadammanipun Kangmas Dwijo sekaliyan tuwin rama-ibu-nipun Ndhuk Rien," Pak Nardi sing wiwit mau kendel kepeksa urun panemu.

"Ooooo, menawi mekaten Sang Pinangan-en menika mangke dipun undhuh dhateng Salatiga, lan salajengipun ugi tetep lenggah wonten Salatiga.

Sokur, sokur. Kula ndherek bingah," Pak Lurah manthuk-manthuk.

"Kasinggihan dhawuhipun Pak Lurah, nanging kula mboten perlu ngundhuh malih," Bu Nardi ndhagel, nuli bacute, "ingkang ngundhuh cekap Mbakyu Dwijo, dene kula kantun panenipun."

Gerr, wong sapejagongan guyune gumrah muwuhi regenging swasana ing Dalem Dwi jowiyatan. Ingon-ingone Pak Dwijo uga melu ngregengake swasana ing pendhapa. Manuk-manuk puter padha ceruk-ceruk sajak nganthuki, kutute manggung kaya aweh pisungsung lan panyengkuyung, bekisare nggiwar nyemoni penganten anyar sing angujiwat, parkit-parkit pating cruwit sajak anggegurit. Dalasan manuk kuthilang sing padha nucukiuler ing papah gedhang ocehe kaya tembang.

"Sok mekatena Pak Nardi sekaliyan menika kenging dipun paribasakaken panen tanpa ngundhuh. Dene Pak Dwijo sekaliyan, ngundhuh tanpa panen," Pak Lurah Karangmoncol mbumboni dhagelane Bu Nardi.

"Inggih, inggih leres, Pak Lurah," Bu Nardi nanggapi.

"Mboten panen mboten menapa-menapa, nanging raketmu pikantuk bawonan," Bu Dwijo ora kersa keru, "namung kantun nengga ingkang panen rumiyin sabin ingkang pundi? Sabin Karangmoncol menapa sabin Magelang, mangkenipun?"

"Mesthine ya sawah Karangmoncol dhisik, Bu," Pak Dwijo nyambungi.

"Dereng temtu, Pak," Sukaptinah mbantah.

"Ya wis, kari ngenteni wae. Wong kabeh-kabeh gumantung kersane Sing Maha Kuwasa. Upama sliramu dhisik ya lumrah, nanging upama Rien dhisik ya ora perlu digumum. Sing perlu disesuwun yen padha duwe turun dadia bocah sing mursid, bekti marang wong tuwa, lan migunani tumrap negara lan bangsa."

"Amin," Pak Lurah Karangmoncol sekaliyan, Pak Nardi sekaliyan dalah Bu Dwijo ngamini pandongane Pak Dwijo.

Swasana gayeng ing Kebondalem Pemalang mau wis kepungkur karo tengah taunan. Dalem Dwi jowiyatan saya wuwuh sepi. Sukaptinah wis suwe pindhah menyang Pekalongan. Santi Nugraini sing wis omah-omah pindhah rumah dinas. Dadi mung kari Pak Dwijo sekaliyan karo abdine siji. "Malah wis telung dina kahanane katon luwih sepi, awit Pak Dwijo sekaliyan pancen lagi tindakan menyang Salatiga.

Wektune kira-kira setengah lima sore, ana mobil loro mlebu latar ing rumah Bersalin PANTI NUGROHO ing kutha Salatiga. Sing mudhun saka mobil Pak Suryadi, Pak Dwijo, lan Pak Nardi, kabeh padha sekaliyan, banjur runtung-runtung mlebu Rumah Bersalin. Ora nganti setengah jam Bu Nardi wis njedhul ngemban bayek thipluk-thiplit diapit-apit Bu Dwijo lan Bu Suryadi. Nuli disusul Santo nggandheng sisihane kairing tritunggal eyang kakung, digrubug dokter lan perawat sawatara, nguntapake rombongan sing lagi nampa kanugrahan. Mula ora nggumunake yen sing

methuk lan sing dipethuk polatane katon sumringah. Nanging sing katon paling sumringah ... Bu Nardi.

Tekan ndalem ibu-ibu bablas mlebu, dene bapak-bapak nuli padha lenggahan ing pendhapa, ngendikan sinambi ngenteni wektu mahrib.

"Kangmas. Keng wayah dipun paringi tetenger sinten?" pitakone Pak Suryadi marang Pak Dwijo.

"Hm. Sejatosipun kula radi tidha-tidha, Dhimas."

"Kenging menapa?"

"Mangke gek kirang mranani penggalih."

"Dakkira kok ora, Mas," Pak Nardi nrambul.

"Tumrapmu?"

"Menapa kemawon ingkang dipun paringaken kula temtu nayogyani," Pak Suryadi ngaturi kalodhangan.

"Inggih ta, manawi mekaten. Pun ndhuk bayek kula sukani nami Sunaryati Setyorini."

"Waaah, sae sanget. Kula mathuk, Kangmas. Menika naminipun momot sarta mengku makna. Sunar dipun pendhet saking asmanipun Dhik Nardi. Yati, cetha saking Suryati. Rini saking ibunipun. Dene Setyo, ngengeti watak-wantuning bapa-ibunipun, ingkang mugé numusana dhateng lelampahan ing tembe wingkingipun."

Andharane Pak Suryadi gawe trenyuhe Pak Nardi, nganti waspane kembeng-kembeng tanpa bisa ngucap, kepasuk rasa suka-sukur nampa kanugrahaning Pangeran. Ndilalah kala semana si bayek Sunaryati Setyorini mak cenger nangis. Dipuk-puk ibune ora meneng. Dibopong eyange Pemalang ya ora gelem meneng. Diemban eyange

Magelang tangise panggah kekejer nganti sing ngemban rada bingung. Nanging tumrap Bu Nardi tangise si bayek malah kaya kidunging widadari swarga. Aneh rasane. Omah sing mataun-taun sepi-sepa tur samun dadakan owah dadi semuwa, regeng, ngengreng lan ... urip. Luh kabagyan dleweran ora kena ditahan, nganti Bu Nardi senggruk-senggruk.

"Lho Dhik Sur, kenang apa?" pandangune Bu Suryadi semu kaget.

"Ora apa-apa kok. Mbakyu," wangsulane karo nyandhak bayek terus diemban dilela-lela.

Ibune mara ngesun pipine sing thipluk-thipltuk. Sing nglela-lela swarane kedher nanging lumer. Si bayek mingseg-mingseg sawatara, banjur les turu nglepus.

"Ooo," aloke Bu Suryadi lan Bu Dwijo linh meh bareng karo manthuk-manthuk.

Bu Nardi mesem kalegan.

* * *



Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No.8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website: <http://www.balaipustaka.co.id>